


# VAHEBHERU,

## CHITSAUKO CHECHINOMWE <sup>2</sup>

 Muropafadzwe! Ndinofunga, kutanga, tine mwana mudiki pano, Doc andiudza maminiti mashoma achangopfuura, munin'ina wangu, hama yepanyama, yanga ichida . . . achiitira kukumikidzwa. Uye zvino kana vanaamai ivavo vane vana vavo vadiki vavanoda kukumikidza kunaShe, tichafara kuva navo iye zvino kuti vauye, vauye nevadiki vavo kuno.

<sup>239</sup> Zvino, uye vanhu vazhinji, ivo, zvavanodaidza, vanovabhabhatidza. Chechi yeMethodisti inodaro, uye ndinotenda veNazarene. Handina chokwadi. Kwete. Ndinofunga kuti ndizvo zvavakaparadzanisa, kwaiva kubhabhatidzwa kwevacheche, maNazarene nemaFree Methodisti. Asi, zvisinei, vamwe vavo, vanoita chimwe chinhu uye nechimwewo. Asi, uye vamwe vavo vanodira mvura shoma pavari. Vamwe vanovasasa mvura. Uye, asi isu tinogara tichiedza kugara pedyo neBhaibheri sezvatinoziva. Zvino, hapana Gwaro muBhaibheri rekuti mwana asaswe, uyewo hakuna Rugwaro muBhaibheri rwekuti chero munhu asaswe. Ichocho hachisi chinhu cheMagwaro. Hurongwa hwechechi yeKatorike.

<sup>240</sup> Asi ivo—asi ivo vanozviita, vakaunza . . . Vakaunza vacheche vadiki kuna Jesu. Uye—uye tinofanira kuMumiririra. Tinoda kuita chinhu chimwe chete chaAkaita. Akaisa maoko aKe pamusoro pavo uye—uye akavaropafadza, uye akati, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri, uye musavadzivisa, nekuti Ushe hweKudenga ndehwe vakadaro.” Uye ndizvo zvatinoenderera mberi tichiita pano patabhenakeri, apo tichiedza kuenderera mberi nenzira chaiyo yeBhaibheri, yakayereswa, yakanakisisa yacho yatinoziva maitirwo ayo.

<sup>241</sup> Saka zvino, kana amai vaya, kana chero vamwe vanaamai vane vacheche vavo vadiki vavanoda kuti vakumikidzwe, apo Hanzvadzi Gertie vachiridza *Vaunzei Mukati*, saka, muuye navo kuno kuartari. Hama neni tichaburukira zasi tokumikidza vadiki kunaShe. Zvakanaka.

Hama Neville . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

<sup>242</sup> Ndatenda, Hanzvadzi Gertie. Zvakanaka kwazvo. Vangani vanoda vana vadiki? Kana usingadaro, pane chakatsveyama newe, pane chakatsveyama.

<sup>243</sup> Zvino, manheru ano, zvino kupinda mune dzimwe shumiro dzose. Isu . . . chikonzero ndadzika zvakare manheru ano. Kazhinji pamazuva aya kana tiine shumiro yekunamatira

vanorwara, ndinongowanzowana zuva rimwe chete, nokuti zvinondizunza-zunza kwazvo. Hamumbozvizivi. Uye pano pamusha zvakaipa zvakapetwa kaviri pane chero kumwe kwese.

<sup>244</sup> Uye ndanga ndichikumbira ruregerero nekukanganisa kukuru sekwandaita nako mangwanani ano. Asi chinhu chekutanga chandikanganisa, ndeapo pauya Billy kuzondiudza zvokuti haana kuwana vanhu vakakwana vokupa makadhi okunamatirwa. Angokwanisa kupa gumi nemaviri kana gumi nemana. Uye aive ne. . .Hapana anga achida makadhi okunamatirwa. Ndinofungidzira kuti zvinhu zvose zvanga zvakanaka. Saka zvino, naizvozvo, handina kumbofunga. . . Uye zvadaro pandatanga kudaidzira makadhi ekunamatirwa iwayo, Ndakafunga kuti ndaizitora ose gumi kana gumi nemaviri, kana chero ayo anga arimo muno. Ndaadaidzira. Ndasvika pane imwe nhamba, imwewo, uye ikasadaidzira. Zvino ndadaidzira. Haina kupindura. Uye handina kumbofunga nezvazvo kusvikira Mai Wood vandifonera. Vakati, “Hama Branham, Billy anotora makadhi acho oavhenganisa pamwe chete, obva angoapa. Anogona kunge anga aine nhamba yechitatu iyoyo,” (handiyo here?) “nhamba yechitatu muhomwe yake.”

<sup>245</sup> Chokwadi, kazhinji anopa makumi mashanu ese. Paanoaunza pamberi pevanhu, anongoavhenganisa. Saka munhu wese. . .Hazvisi zvokuti, “Ndipe nhamba potsi.” Kana kuti, tinogona kusatangira panhamba potsi. Tinogona kutangira pamakumi mashanu, hauzive, uye todzoka nekumashure. Tinogona kutangira pana sere toenderera mberi tichipfuurira. Tinogona kutangira pana makumi maviri uye topfuurira mberi. Hatizivi. Asi anongoavhenganisa uye oapa kuvanhu pavanoada. Uye ini, ndisingafungi mangwanani ano, ndinogona kunge ndadaidza mamweze mana kana mashanu, zvino vangadai vasimo imomo, nokuti anogona kunge anga ari kumusoro kumakumi maviri kana makumi matatu pane imwe nzvimbo, munoona. Uye, ipapo, asi Ishe vazvigadzirisira, asi hazvina kumanikidzwa cha—chaiko pazviri, sezvazvinoita kure nekumusha. Ndinogona kusazombozvedza—kuzviedza zvakare.

<sup>246</sup> Asi, pano kasiri kare, ndakakumbira Ishe kuti Vaizotipa musangano wakanaka, uyo wandakavimbisa kuti ini—ini handaizoVakumbira iwoyo zvakare, nokuti chakanga chiri chinhu chakaoma. Uye zvinopesana neMagwaro. Maona? Uye kana iwe. . .Ndizvo zvinoita kuti zvindiomere. Nokuti, ndichiziva izvozvo, zvinondipa ku—kukundwa, pakutanga kwacho. Maona? Ndatokundwa, pakutanga kwacho.

<sup>247</sup> Zvisinei, mumwe munhu afonera mumwe munhu masikati ano. Mai Wood vafonerwa nemumwe munhu. Ndokutaura, kuti, “Mumwe munhu muchechi adanwa mangwanani ano, pamusoro pemumwe murume anga achirwara zvakananyanya, kwazvo, auya

kuna Kristu masakati ano, mushure mezvo.” Kuti mu—murume anga achirwara zvikuru auya kuna Kristu.

<sup>248</sup> Uye chimwe chinhu, Mai Wood vandiudza kuti ndataura nemukoma wavo, sisi vakuru, avo zvechokwadi vandakanga ndiri mumba mavo rimwe zuva ndikadya kudya kwemasikati navo, kana kudya kwemanheru navo, zasi kuKentucky. Uye Mwari Samasimba vanoziva kuti handina kucherechedza mukadzi iyeye. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Kungoti... Zviratidzo zvinoitika pazvinodira. Hatitombozivi kuti zvichafamba sei kana kuti chii chichaitika. Zviri kuna Mwari, uye zvi—zvinoitika. Asi ndanga ndichiziva, pakuzvimirira, ndakamirira ipapo.

<sup>249</sup> Uye rimwe zuva musikana mudiki uyu paakanga ari muno, aifanira kunge akawana kunzverwa, izvo ini, kwete... Munoono, kana Mwari vaipa izvozvo kune nyika yose, zvingava zvakanaka; asi dai zvaiva zvakadaro, zvaipesana nezvaVakandiudza mhiri kwemugwagwa kuno, munoono, makore mashoma apfuura. Uye taida kuva nechokwadi kuti zvaiva zviri izvo, uye torega chechi, sezvo yainge iri pano, izvione. Saka ndakafonera Mai Snyder vaya. Hanzvadzi Snyder. Vari pano pane imwe nzvimbo. Vanongoti netsekei zvishoma nekunzwa. Zvino mudzimai mudiki wacho aitaurira pasi, ndokuti, “Mune rheumatism,” kana arthritis, chimwe chinhu chakadaro.

<sup>250</sup> Apo, ndaiziva kuti yaive hudyu yakatyoka. Uye saka, uye zvararo Mweya Mutsvene waunza izvozvo mangwanani ano. Maona?

<sup>251</sup> Zvino, zvazviri, chipo chaMwari, uye chinoshanda mukuzvitonga kwacho. Asi chinoita kuti zvinyanye kuoma muno muguta, chokwadi, ndi—ndinovhiringika, nguva dzose, pakunamatira vanorwara pano. Kana—kana... Ndinoenda, ndoudza vanhu izvi. Ndinoenda, ndoti, “Zvino Ishe vakupodza. Jesu akakupodza paAkakufira, makore chiuru nemazana mapfumbamwe akapfuura. Ipapo chaipo ndipo pawakaporeswa. Zvino, kana kuri kuna Mwari, kana kuri kuna Kristu, wakapodzwa, makore chiuru nemazana mapfumbamwe akapfuura. Chirwere chako chakapera. Zvinотора kutenda kwako kuzviita.”

<sup>252</sup> Uye zvararo munhu iyeye anogona kuenda uye otadza kupora. Zvino munhu anobva auya, oti, “Hama Branham vakandiudza kuti ndakanga ndapora.” Maona? Ndiri kukuudza zvakataurwa naMwari.

<sup>253</sup> Zvino, kana zvichinge zvataurwa zvakanangana nemunhu, kwaari, “IZVANZI NAJEHOVHA,” pane chimwe chinhu chichaitika. Zvicharatidza kwauri ipapo chaipo kuti kupodzwa kwako kwakatochengetedzwa. Kutenda kwako kwakakusimbisa. Maona? Vimbiso ndeyako. Harisi shoko

rangu. IShoko raMwari, rokuti wakatopodzwa nechekare. Maona? Asi unongo... Neimwewo nzira, ini—ini handisi kungokwanisa kuzviita kuti zvisinine mukati, kuhama dziri muno muJeffersonville. Ini—ini handisi kungokwanisa kuzviita kuti zviitike. Ndinoziva. Ndichaedza kutsanangura izvozvo nepose pandinogona napo, uye hazvingo—zvingogoni kuti zviitike. Ndizvo zvoga. Ndinoti. . .

254 Pano, kasiri kare, ndakaenda kune mumwe musha, kune mumwe murume, zvino murume wacho akanga ari kufa. Zvino vakandidaidza, “Huyai, mumunyengeterere. Chiremba ati haazorarama kusvika mangwanani.”

255 Ndakapinda. Zvino murume wechidiki uyu akati kwandiri, “VaBranham, handidi kufa.” Handiti, zvirokwazvo muchinda wechidiki akanga asingadi. Aiva nemhuri ine vana vaviri ikoko.

256 Saka, ndakadzika. Ndikati, “Zvino, onaka, chiremba wako ndiani?” Akandiudza. Ndakati, “Zvino, chiremba vanogona kunge vataura kuti uri kuzo—uri kuzofa, asi Mwari havasati vataura kuti uchafa.” Ndikati, “Zvino, maererano neBhaibheri, wakatopodzwa neche kare, nokuti Jesu akafira kupodzwa kwako.”

257 Akati, “Munotenda kuti ndichapora here?”

258 Ndikati, “Zvemazvirokwazvo ndinozvutenda.”

259 Saka, kana ndikaenda kunonamatira munhu, uye ndikasashandisa mhando yekutenda kwakadaro, kumutendera; kana ndikati, “Oo, kwete, kwete, kana chiremba vakati uchafa, uri kuzofa. Zvatopera zvakadaro zvino.” Zvino, angazove here mumwe munhu anouya kuzonamatira vanorwara? Handaizoda munhu iyeye mumba mangu, kuti andinyengeterere. Ndinoda mumwe munhu wekuti, kunyangwe asina kuzviona, kana kuti kwete, aizatora kutenda uye ondimiririra pavimbiso. Ndizvozvo. Zvino ndakati. . . iye. . .

260 Takaenda tikaita munamato. Ndakati, “Zvino chiva hako wakashinga.”

261 Akati, “Munoreva kuti ndichapora here?”

262 Ndikati, “Ndizvo, chokwadi. Shoko raMwari rakati uchapora. Munoono, ‘Kana uchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.’”

263 Akati, “Zvakanaka, ndichaZvitenda.” Zvino ndakabuda ndokutaura kumukadzi wake ndikati. . .

264 “Murume ari kufa, haasi here?”

265 “Hongu, ari.” Zvino saka zuva rakatevera, murume akafa, kana kuti mazuva mashoma mushure mazvo.

266 Zvino mukadzi uyu ndokubuda ndokutanga kunwa nekuenderera. Zvino mumwe wemadhikoni, ndinotenda ndiye, wehechi ino, akaenda kumukadzi wacho ndokumukumbira

kuti dai ari adzoka uye agouya kuchechi. Akati, “Hapana munhu wandingatende. Muparidzi Branham akauya pano akanamatira murume wangu, akati aizorarama, zvino akafa mumazuva maviri kana matatu akatevera. Saka, handingatendi.” Zvino *iy*e ari kufa. Zvakanaka.

<sup>267</sup> Asi, zvisinei, munoona, zvinongoratidza kuti vanhu havateereri kune zvauro kutaura. Maona? Zvirokwazvo. Kana ndikanamatira munhu, uye ndo—ndoudza vanhu ivavo kuti vachararama. Ndinotenda kuti vachararama. Asi, hazvina mhosva, kana shoko rangu rakanga riri zvamazvirokwazvo ZVANZI NAJEHOVHA, uye ukasaRitenda, waizofa, zvakadaro. Zvirokwazvo. *Heino* ZVANZI NAJEHOVHA, uye vazhinji vavo vanoIgamuchira uye vofa. Vazhinji vavo vanoenda kugehena, apo, ZVANZI NAJEHOVHA, “Haufanire kudaro.” Ndizvo here? Chokwadi. Maona? Ndeizvo . . . Zvose zvinobva pakutenda kwako.

<sup>268</sup> Hama Collins, handifungi kuti vari muno manheru ano. Asi ndichivateerera mangwanani ano, vava nhaurwa yakanaka kwazvo pamusoro pazvo. Maona? Maona? Vadaro. Vati, “Zvino, kutenda kumwe chete kwauinako kumusoro kuno, uchafanira kuva nako kunze uko. Nokuti, kutenda kwako sedungamunhu, kwete mune sangano rako, asi muna Kristu. Unofanira kuva nokutenda ikoko.” Ndizvozvo chaizvo. Zvamazvirokwazvo.

<sup>269</sup> Uye kupodza kwaMwari kuri pakutenda kwako. Asi maererano neShoko raMwari, ZVANZI NAJEHOVHA, kuti munhu wose akapodzwa pakafa Jesu paKarivhari, “Akakuvadza nokuda kwokudarika kwedu, namavanga aKe *takapodzwa*.” Ndizvo here? *Taka*. Bhaibheri rakati, “Wakapodzwa.” Saka usandiwanira mhosva, ndinongova muparidzi weShoko. Iwe enda unoudza Mwari kuti Vakataura chimwe chinhu chisicho, uye Mwari vachakuudza pane hutera hwako zvino. Maona? Saka, kutenda kwako. Jesu akati, “Kana ukangogona kutenda. Kana ukangogona kutenda.”

<sup>270</sup> Zvino, paunonzwa kuti Mweya Mutsvene wasimbisa kutenda kwako uye wousimbisa, uye woti, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Mangwana pane *imwe* nguva yakadai, uchava *nechimwe* chinhu. *Chimwe* chinhu chichaitika. Chichange chiri neche kuno *neimwe* nzira, uye uchasangana *nechimwe* chinhu pano. Ichocho chichava chiratidzo kwauri.’” Zvino, chitarise ichocho. Ibasa rakapera, ipo pano chaipo zvino.

<sup>271</sup> Asi kana zvasvika pakutaura kupodza kwaMwari, Ndinofanira kuisa kupodza kwaMwari pahwaro humwe chete, hwenzira iyoyo, seruponeso. Mumwe nemumwe wenyu, zvisinei nokuti chii chamakaita, makaponeswa kubva pakafa Jesu, nokuti Akafa kuti abvise zvivi zvenyika. Asi hazvimbokuitira chero zvakanaka kusvikira iwe pachako wazvigamuchira uye wava nechitiko nazvo. Asi kana zviri zvezvivi zvako,

zvkatoregererwa kare. Ndizvozvo. Iye... “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika.” Maona? Hezvoka izvo. Zvino rangarirai izvozvo.

<sup>272</sup> Zvino, ndinoziva kuti mukudzidzisa, muMagwaro, tiri ungoro yakasangana-sangana. Uye nguva zhinji, muBhuku rino raVaHebheru, rino va Bhuku rakati dzamei... Ndichatomborisiya kwechinguva zvino. Ndichaedza manheru ano kupedzisa chikamu chekupedzisira chechitsauko 7 ichocho.

<sup>273</sup> Uye zvino pane mibvunzo yakawanda mupfungwa dzenyu, pasina kupokana. Vazhinji venyu mune mibvunzo, uye ini ndaizovawo nayo, zvakare. Zvino, nguva inotevera, Ishe vachitendera, pandichauya...

<sup>274</sup> Ndiri kuenda kuMichigan zvino. Uye zvadaro, kubva kuMichigan, ndiri kuenda kuColorado. Uye kubva kuColorado, ndoenda kuMahombekombe ekuMadokero. Zvino—zvino, patinopinda, Ishe vachitendera... Zvino, handizivi. Kana ndikasava muChicago, Svondo, ndinogona kunge ndadzoka kuno kuitira manheru eSvondo iri kuuya.

<sup>275</sup> Zvino takabata mufundisi wedu asiri papurupiti pano kweangaita mavhiki matanhatu, nemune ese—ese—ese, Bhuku iri pano. Maona? Zvino isu... Handifarire kuita izvozvo. Hama Neville ihama yakanaka, inotapira, ine mutsa. Uye ndine chokwadi chokuti chechi ino inoda Hama Neville.

<sup>276</sup> Gara zviya, ndichiri kutaura, mumwe munhu, neche muno munyika ino kune imwe nzvimbo, ane mhosva yekunyora mamwe makadhi, kubvisa Hama Neville kubva papurupiti ino. Uri kuzofanira kupedzerana izvozvo neni. Uh-huh. Ndizvozvo. Uh-huh. Hongu, zvechokwadi. Zvino, ndinoda kuti imi... Akati mudhi... chimwe chinhu pamusoro pebhodhi remadhikoni. Bhodhi remadhikoni harina kana chinhu chimwe chekuita nemufundisi iyeye. Kwete, changamire. Ungano, muhuzaro, ndiyo ine simba racho rose. Harisi... Bhodhi remadhikoni rinongori mapurisa muno muchechi ino, kungochengetedza hurongwa nezvimwe zvakadaro. Asi kana zvasvika pamitemo, chechi yose inofanira kutaura kudaro. Chechi ino yakavakirwa pakuzvitonga kuzere kwechechi yepanzvimbo. Naizvozvo, handina chekutaure mukubvisa mufundisi uyu, kana kuisa mumwe muno. Ndiri muridzi wenzvimbo; yakapihwa kuchechi. Imi mose ndimi chechi. Imi vanhu ndimi munotonga. Ndimi chechi, pachenyu. Uye Chechi, Chechi tsvene yaMwari ndiyo hutongi, hweMweya Mutsvene muChechi iyoyo. Uye chinhu chimwe chete chandinaita kuva muridzi wenzvimbo, ndoipa kuchechi ino, sekuipa kuitira chechi, uye haibhadhari mutero. Zvino chechi inosarudza vafundisi vayo. Ini handinei nechekuita nazvo. Uye nzira bedzi iyo mufundisi uyu yaaikwanisa kuenda nayo, yaizova yokuti mufundisi wacho azvisarudzira pachake kuenda, kana kuti ruzhinji rwemavhoti echechi

anozofanira kuti, “Chinjai mufundisi.” Ndiyo nzira yoga. Hapana bhodhi remadhikoni rinogona kuzviita. Bhodhi remadhikoni rinongochengeta hurongwa nezvinhu muchechi.

<sup>277</sup> Matirastii, havanei nechekuita nazvo, vanongogadzirisa chechi chete. Uye havagoni kuzviita kusvikira pane. . . Bhodhi rose rematirastii rinosangana uye roti, “Tichavaka *izvi*, kana kuti tichaita *zvakati*.” Zvino vanozofanira kubvunza mubati wehomwe kana vaine mari yekuzviita. Hongu, changamire.

<sup>278</sup> Asi kana paine chero kunyunyuta pane chero nhengo, kana nhengo iine kunyunyuta pamusoro pemumwe, kana chimwe chinhu chisina kumira zvakana, unofanira kuenda kuhama iyoyo, pachako, uye wonotaura naye, iwe naye muri moga. Zvino kana akasazvigamuchira, zvino chinhu chinotevera chinoitika, unotora mumwe wemadhikoni kana mumwe munhu, zvino oenda newe kuhama iyoyo. Zvino kana akasakugamuchirai, zvadaro munouya mozviudza kuchechi. Zvino kana chechi. . . Zvino kana akasagamuchira chechi, zvino Bhaibheri rakati, “Ngavave somuhedheni nomuteresi.” Ndizvozvo chaizvo.

<sup>279</sup> Uye chero munhu anoziva munhu ane mhosva, uye ukasaenda kwaari munotaura, zvino uri chikamu chechechi yaMwari chichapindurira pamusoro pechivi ichocho. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>280</sup> Uye kana paine chero vanhu vane ku—kunyunyuta pamusoro pemudhikoni, kana pamusoro pemudhikoni kana mumwe munhu muchechi, zvinotorera vanhu vatatu. Vanhu vatatu vanouya vachiti, vopupura, mumuromo wezvapupu zviviri kana zvitatu. Mouya kuzoudza mufundisi kuti pane kutsutsumwa pamusoro pemudhikoni. Zvino kana paine kutsutsumwa pamusoro pemudhikoni, mudhikoni asiri murume aka—akarurama, murume aka—akakwana. Anofanira kubata hofisi yemudhikoni, asina chipomerwa, uyezve owanikwa asina chaangapomerwa. Zvino kana ungangano iyoyo ikaona kuti mudhikoni iyeye haasi kubata hofisi iyoyo, anotora vatatu pamwe naye oenda nazvo kumufundisi. Mudhikoni iyeye anokumbirwa kugara kumba husiku ihwohwo. Uye zvadaro mufundisi kubva. . . anouya ounza ungangano pamwe chete, opa nyunyuto yacho. Zvino kana ungangano ikavhotera mudhikoni kuti aenderere mberi, mudhikoni wacho anoenderera mberi. Kana akaen-. . . vakavhotera kuti mudhikoni abviswe, vanosarudza mudhikoni mutsva husiku ihwohwo chaihwo. Maona?

<sup>281</sup> Nokudaro, hapana munhu mumwe chete ane chekuita mune izvi. Ndezve ruzhinji rwevanhu. Hongu, changamire. Kana makumi maviri vakamuvhotera, uye makumi maviri nemumwe vakavhota kuti abviswe, anoenda; kana kuti, zvinopesana zvacho. Maona? Uku ndiko, kuzvitonga kuzere kwechechi yepanzvimbo uye, zvakare, mumwe nemumwe wenhengo ane chekutaura muchechi. Chero chii chinoitika, chakaipa, saka

vanogona kuuya ipapo, uye chinhu bedzi chavanofanira kuita kuva pamberi paMwari kuti vanonyatsoona kuti hapana chinodzivisa kufamba kwechechi.

282 Asi hutongi hwakazara uye hwakakwana hwechechi ndiye mufundisi. Verengai izvozvo muBhaibheri, muone kana husiri hurongwa hweBhaibheri. Ndizvozvo chaizvo. Hapana mumwe ari pamusoro pemukuru. Handinei nechokuita nezvinoitwa naHama Neville pano. Zviri kwamuri naHama Neville. Kana Hama Neville vangada kuparidza dzidziso yeJehovah Witness, zviri kwavari nemi. Maona? Kana vachida kuparidza chero chavangada, zviri kwamuri navo. Ndizvo zvoga. Kana ungoro ikavahotera imomo, kuti vaparidze izvozvo, zvakanaka. Zviri kwavari.

283 Chinhu choga chandinoina, kungova muridzi wenzvimbo. Uye kana chimwe chinhu chikauya, chiri chakafanana nekubvisa mufundisi, uye vachida kuvhotera pane izvozvo, hawaikwanisa kukumbira mudhikoni kuti azviite izvozvo. Waizouya kuzondibvunza. Ndaizouya zasi, ndoti, “Kana muchida kubvisa mufundisi, ndiudzeiwo chikonzero. Pane zvaakaita here?”

284 “Hongu. Takamubata, akadhakwa.” Kana kuti, “Takamubata achiita *zvakati*, kana kuita chimwe chinhu chakanga chisina kunaka.”

285 “Mune zvapupu zvitatu pazviri here?”

286 “Hongu. Tinazvo.”

287 Zvapupu zvacho zvinofanira kutanga zvaedzwa. “Musagamuchira mhaka inopomerwa mukuru kunze kwekunge paine zvapupu zviviri kana zvitatu, uye ngavatange vaedzwa; pamusoro pemukuru.” Saka unozofanira kupika kwazviri, kuti wakazviona; uye wozviratidza, kuti wakazviona.

288 Uye zvakare, kana wakadaro, zvino chivi ichocho chinotsiurwa pachena, kuti, “Zvakaipa.” Mobva mati, “Ungano, munoda kuchinja mufundisi wenyu here?”

289 Zvino kana ungoro ikavhota, “Muregererei, uye muregei aenderere mberi hake,” ndiyo nzira yazvinofanira kumira zvakaita. Maona? Izvozvo, hazvina kunaka here? Haisi iyo nzira yekufambisa chechi here? Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Hatina mabhishopi nevatariri, nemabhodhi nevamwe vakadaro, vanopinza *uyu* mukati uye vaine simba rakawanda. Hapana munhu ane simba pano kunze kweMweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Ndiwo unofambisa. Uye tinoUtoro seruzhinji rwevanhu, mafambiro anoita vanhu.

290 Uye zvakare kana rimwe divi richida kuita *izvi*, uye rimwe divi richida kuita *izvo*, uye rimwe divi rokunda, divi rakundwa, vanoitei nezvazvo? Vanobatana nevamwe vose, voti, “Tange



tichikanganisa, ipapo. Tichaenderera mberi, nokuti Mweya Mutsvene waita sarudzo iyoyo.” Maona? Ndizvozvo chaizvo.

<sup>291</sup> SemaDemocrat nemaRepublican, chero bedzi isu takamira segutsaruzhinji, seve muAmerica. Kana maDemocrat arimo, maRepublican anofanira kufambira mberi chaiko pamwe nawo; MaRepublican ari imomo, muDemocrat anofambira mberi. Maona? Ndizvo chaizvozvo zvinoita kuti tive nyika. Pose patinotyora izvozvo, tinotyora gutsaruzhinji rvedu. Ndizvozvo chaizvo. MaDemocrat anoti, “Handina chinhu chandichaita; maRepublican aive apinda.” Saka tinobva tadonha. Ndiri wemuKentucky: pamwe chete tinomira, uye tikapatsanurana tinodonha.

<sup>292</sup> Zvino, kana paine chero chisina kumira zvakanaka muchechi chamunotoziva nezvacho, mumwe munhu kana mumwe munhu kana chero chinhu, mune mungava uye muchapindurira pamberi paMwari kana mukasagadzirisa chinhu ichocho; imi, chechi. Zvino, rangarirai, hazvisi pamapfudzi angu. Zviri pane enyu. Uye chose chakaipa muchechi, Mwari vachaita kuti muzvipindurire. Ndizvozvo chaizvo. Ndiyo nzira yaVanofambisa nayo chechi yaVo. Ndizvo zvazviri muBhaibheri. Ndiho hurongwa hwemuBhaibheri. Ndiko kuzvitonga kuzere kwechechi yepanzvimbo. Mufundisi ndiye musoro. Ndizvozvo. Amenii.

<sup>293</sup> Zvino, tichiuya kuMharidzo ino yakaropafadzwa, yekare pano. Imi, zvino ndinoda kuti muzive izvozvo. Izvi zviri kurekodhwa patepi, rangarirai, Mharidzo ino. Uye matepi akarekodhwa echechi, hurongwa nemitemo yechechi, zvakarekodhwa patepi. Ndizvo maererano neBhaibheri. Hatiitungamire; hakuna munhu pamusoro. Kwete. Tose, takafanana tose. Asi, tine mutungamiri, anova mufundisi, chero bedzi achitungamirwa neMweya Mutsvene. Chokwadi. Zvakanaka.

<sup>294</sup> Zvino, imo muno, muchange muine mibvunzo yakawanda. Saka nguva inotevera yavanozovisa, uye Hama Neville voisa paredhiyo kuti ndichave pano, iwe nyora mubvunzo wako, kuti iwe neni tigone kukakavadzana nezvawo pamwe chete. Uchadaro here? Zvakanaka.

<sup>295</sup> Ndinoziva kuti ndakadzidzisa pamusoro pekutsungirira kwevatsvene. Ndakadzidzisa pamusoro peHumwari hwepamusoro-soro hwaJesu. Ndakadzidzisa nezvekuchengetedzwa kwemutendi, uye nekufanogadzwa, kufanotemerwa, uye nezvakawanda zvezvinhu izvozvo. Izvo, zvandinoziva, muungano yangu mune vezvemirairo vazhinji, zvinova zvakanaka chose. Zvemazvirokwazvo. Asi, zvino, zvinhu zvacho, ndiri wezvemurairowo, zvakare, uye ndiri muCalvinisti. Ndinongotenda Bhaibheri. Ndizvo zvoga.

<sup>296</sup> Zvino, kana mimwe yeiyo, mibvunzo. Uye ndakadzidzisa pamusoro pehumbowo, kutekenyedzwa, nezvimwe zvakadaro, uye nezvinhu zvose izvozvo zvaungave usina kumbowirirana nazvo. Saka humwe hwehusiku huno, pamwe, ngatizviitei . . .

Muri mukukurumidza here kuti muzodzoka imo muno? [Hama Neville vanoti, “Kwete.”—Mupepeti]

Ngatizviitei Chitatu manheru, manheru eChitatu chino chiri kuuya, zvino ndi—ndinofunga ndi—ndinogona kuva nayo ipapo. Unza mubvunzo wako Chitatu manheru, wouisa pano papuratifomu, uye mubvunzo pamusoro peBhaibheri, zvakanaka, pane zvandanga ndichidzidzisa pazviri zvino. Zvino Chitatu manheru. Uye ipapo neSvondo inotevera, zvino, ndinofunga ndi—ndinofanira kunge ndiri muChicaga, zvakadaro. Uye ndiri kubva ikoko ndichipinda muMichigan. Ishe vachitendera, ndichange ndiri pano Chitatu manheru, kuti ndiedze kupindura mubvunzo nepandinogonesesa napo. Zvino Ishe ngaave netsitsi.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu, kwechinguvana.

<sup>297</sup> Zvino, Ishe vakaropafadzwa, uhu ndihwo hupfumi hweNyu hukuru. Ichechi yeNyu. NdiMi, Ishe, muri kufamba, uye tinoda kufamba sokufambiswa kwatinoita noMweya waMwari. Uye tinonamata zvino kuti Mugotirofafadza. Uye patiri kudzokorora Mharidzo iyi, uye tichidzika muzvinhu zvakadzika izvi, tinonamata kuti Mweya Mutsvene azviratidze kwatiri sezvatinoshuvira. Nokuti tazvikumbira muZita raKe. Amen.

<sup>298</sup> Zvino, oo, ini . . . Bhuku iri raVaHebheru, ndinorikoshesa serimwe remaBhuku makuru.

<sup>299</sup> Pamberi apo zvishoma, zvinogona kuitika kuti ini—ini ndine . . . ndiri kuenda mhiri kwemakungwa, izvo kuri kuti, kana Mwari vachitendera, ndichange ndichizozviita munguva pfupi inotevera. Ndinofanira kuenda kuAfrica maererano nechiratidzo. Ndinofunga kuti handife ndakabudirira zvakananyanya mumisangano yangu kudzamara ndaenda kuAfrica ndonozadzisa chiratidzo ichocho. Zvino, ipapo, pamwe zvichave imwe nguva mupfumvudza iri kuuya.

<sup>300</sup> Asi pakati penguva iyoyo, ndinoda kutora rimwe bhuku zvakare kubva muBhuku raVaHebheru, rinova, chitsauko 11 chaVaHebheru, uye togara rinenge vhiki muchitsauko 11 ichocho, uye totora humwe nehumble wehunhu ihwoho kana kuti vanhu vacho, uye toburitsa hunhu hwavo. Maona? “Nokutenda, Noa,” tobva tatora hupenyu hwaNoa. “Nokutenda, Abrahamama,” tobva tatora hupenyu hwaAbrahamama. “Nokutenda, Abheri,” tobva tatora hupenyu hwaAbheri. Maona? Uye tozviunza zasi. Mungada izvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Oo, zvaizodaro kuti, taizatora Bhaibheri rose ipapo. Uye zvadaro tichazviedza izvozvo, zvichida, pamwe mukati, toti, mevhiki kana mazuva gumi emisangano, ichingova

musangano mumwe mushure memumwe, mune rwakaita serumutsiriro, imwe nguva neche muzororo reKisimusi, kana zvimwe zvakadaro, Ishe vachitendera.

<sup>301</sup> Zvino, muchitsauko 7 cheBhuku raVaHebheru, takasangana neMunhu mukuru uyu. Ndiani angandiudza kuti Zita raKe raiva ani? [Ungano inoti, “Merkizedheki.”—Mupepeti] Merkizedheki. Zvino, Merkizedheki uyu aive ani? Akanga ari muprisita waMwari Wokumusoro-soro. Akanga ari Mambo weSaremi, zvichireva kuti Mambo weJerusarema. Akanga asina kana baba, kana kuti Akanga asina kana amai. Akanga asina nguva yaAkambozvarwa, kana kuti haAzombovi nenguva yaAchazofa. Zvino, tinoona kuti izvozvo zvinofanira kuva zveZiyendanakuenda.

<sup>302</sup> Takaona kuti shoko rokuti *narinhi* rinoreva “chikamu chenguva.” Muchiri kuzvirangarira here? Chikamu chenguva, ndiyo narinhi narinhi. Uye *narinhi* inopupurirwa, kakawanda, muBhaibheri se “chi—chikamu chenguva.”

<sup>303</sup> Asi, Ziyendanakuenda, uye pane mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, hwatakawana. Ndizvo here? Mwari vane Hupenyu Husingaperi ihwohwo, vega. Ndizvo here? Mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi. Hakuna shoko rakadaro sekuti “kurangwa neKusingaperi.” Nokuti, kana uchizorangwa noKusingaperi, unofanira kuva neHupenyu Husingaperi kuti urangwe noKusingaperi. Waizonofanirwa kuva neHusinga- . . . Uye kana uine Hupenyu Husingaperi, haugone kurangwa, munoona, kana uine Husingaperi. “Uyo anonzwa maShoko aNgu, achitenda mune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi.” Ndizvo here? Hupenyu Husingaperi, nekuti unotenda. Saka, kana uine Hupenyu Husingaperi, haugone kurangwa, nekuti une Hupenyu *Husingaperi*. Saka, zvino, kana uchizotambura mugehena narinhi narinhi, unofanira kuva neHupenyu Husingaperi.

<sup>304</sup> Asi, zvino, ndinotenda kuti Bhaibheri rinodzidzisa nezve gehena chairo rinopfuta moto. Bhaibheri rinodzidzisa kuti, kuti zvivi uye huipei zvicharangwa, narinhi narinhi. Harisi Ziyendanakuenda, zvino. Izvi pamwe ndekwemakore mabhiriyoni gumi. Kungangove kwemakore mabhiriyoni zana, asi pane imwe nguva kunofanira kuva nemagumo. Nokuti, chose chakava nemavambo, chine magumo. Ndeizvo zvinhu zviya zvisina mavambo, zvisina magumo.

<sup>305</sup> Marangarira chidzidzo ichocho zvino? Takadzokera kumashure tikaona kuti chinhu chose chakava nemavambo chakatsveyamiswa, munoona, kutsveyamiswa kubva pane chinhu chacho chaicho. Uye, pakupedzisira, zvinoguma zvichidzokera mune Ziyendanakuenda. Uye ipapo gehena rose, kutambudzika kwose, uye nendangariro dzose dzezvakadaro,

dzichanyangadika neKusingaperi. Chinhu chose chinotanga, chinopera.

<sup>306</sup> Zvino Merkizedheki uyu akanga asiri Jesu, nokuti Aiva Mwari. Uye chii chakaita kuti Jesu naMwari vasiyane, nokuti, Jesu akanga ari Tabhenakeri yaigara Mwari. Maona? Zvino, Merkizedheki. Jesu aiva nevole baba naamai. Uye Murume uyu haana kumbova nababa kana amai. Jesu aive nemavambo ehupenyu uye Aive nemagumo ehupenyu. Murume uyu aive asina baba, asina mai, asina mavambo emazuva kana magumo ehupenyu. Asi, Akanga ari Munhu mumwe cheteyo. Zvaiva kuti, Merkizedheki naJesu vaive Mumwe; asi Jesu akanga ari mutumbi wepanyika, wakazvarwa uye ukaumbwa mumufananidzo wechivi. Mutumbi waMwari pachaVo, mwanakomana waVo pachaVo, akaberekwa nekuumbwa akafanana nechivi, kuti abvise rumborera kubva murufu, kuti vabhadhare mubhadharo werudzikinuro, nokugamuchira vanakomana navanasikana kwaVari. Mazvibata here? Ndicho chikonzero Aive—Aive nemavambo, Aive nemagumo.

<sup>307</sup> Asi mutumbi wakakwana uyu, mukurangerira, se—serubatso rwerumuko rwedu, Mwari havaizobvumira mutumbi mutsvene iwoyo kuti uone kuora, nokuti Vakausika pachaVo. Vakauunza, uye vakaumutsa, uye vakaugadza kuruoko rwaVo rworudyi.

<sup>308</sup> Uye, nhasi, Mweya Mutsvene wakamutsa mutumbi iwoyo uri muno muChechi. Ngarikudzwe Zita raShe! Uye uchiratidza zvishamiso zvimwe chetezvo nesimba. Uye rimwe zuva Mweya Mutsvene uyu, uri muChechi, uchadanidzira uye uchasimuka, uye uchazvigamuchira muchimiro chemutumbi uyu wakagara kuruoko rwerudyi rweHushe hwaMwari, kuti areverere isu vatadzi. Uye neIpapo tinochengetwa zvakakwana kubva kuchivi. Kwete kuti hatitadzi; asi kuchengetwa kubva kuchivi, muHupo hwaMwari. Nokuti, pane chibayiro chine Ropa chakamira pakati pangu naMwari, pakati pako naMwari. Ndicho chikonzero Akati, “Munhu akaberekwa naMwari, haaiti chivi, haagoni kutadza.” Nokuti, kana wakazvarwa patsva, Mweya Mutsvene wacho chaiwo waigara muMutumbi iwoyo unogara mauri. Uye haUgoni kutadza; chibayiro chiri pamberi paVo. Zvino kana ukazviita nemaune, zvinoratidza kuti hazvibviri kuti iwe uve muMutumbi iwoyo. Amen. Ndiro Vhangeri. Hero Iro.

<sup>309</sup> Nokudaro, munoona, haRipesane nechero zvaro reMagwaro. Rinosunganidza Magwaro pamwe chete. Maona? “Zvaisazobvira kune avo vakambojekerwa.” Ipapo ndipo patichawana mibvunzo yangu. Nokuti, ingoitorai, ndiwo madiro atinoita.

<sup>310</sup> Zvino cherechedzai. “Hazvigoneki kune avo vakambojekerwa, kuti vatsauke kuti vazvivandudzezve pakutendeuka, vachiona kuti vanorovererazve patsva Mwanakomana waMwari pamuchinjikwa, uye nokuMuita...

uye nokuMuunza kune kunyadziswa pachena.” Havaigona kuzviita.

311 Zvino endai kuna VaHebheru 10, uko kwaInoti ipapo, “Nokuti kana tikatadza nebwoni mushure mokunge tagamuchira zivo yeChokwadi.” Uye chivi chii? Kusatenda.

312 Kana ukaona chaizvoizvo Mweya Mutsvene uchiita zvinhu zvaWaita pano chaipo mangwanani ano, uye woona kuti Kristu akamuka kubva kuvakafa, uye Ari kurarama muChechi yaKe uye pakati pevanhu vaKe, uye woZviramba nebwoni, hazvibviri kuti iwe uzombouya kuna Mwari, nokuti wamhura Mweya Mutsvene.

313 Jesu akataura zvinhu zvimwe chetezvo, paAiiita zvishamiso izvozvo.

314 Vakati, “Handiti, NdiBherizebhabhu. Muuki. Idhimoni.”

315 Jesu akatendeuka, ndokuti, “Ndichakuregererai nokuda kwaizvozvo. Asi kana Mweya Mutsvene wauya uye wozviita, kutura shoko rimwe rinoUpikisa hazvizomboregererwi munyika ino kana munyika inouya.” Nokuti wadana Mweya waMwari wakanga uri maAri, “mweya wetsvina.”

316 Zvino, kana tikatadza nebwoni, kana tikatadza, tikasatenda nemaune. Kwete mushure mekunge tagamuchira Chokwadi, tazvarwa patsva; hatingagoni kuzotadza zvino. Mutadzi haakwanisi kuita chisingareg- . . . Mukristu haakwanisi kuita chivi chisingaregererwi. Haakwanisi kuzviita. Ndeavo vasina humwari vanoita izvozvo. Ndeuyo mutendi wekabanga, kwete mutendi.

317 Vanarabhi vaya vechiJudha, oo, vakafunga kuti vaiva vakangwara, uye vaiva nema D.D. nema Ph.D.. Vaifunga kuti vaive nazvo zvose zvakapfigirwa, mubhegi, asi vakanga vari vatadzi vekupedzisirisa. Oo, vangango. . . Waisagona kuisa ruoko pa—pahupenyu hwavo. Vakanga vakachena, vaine hunhu, uye vakarurama, nenzira iyoyo. Asi vaive vasingatendi.

318 Uye ukatora shoko rekuti chivi uye woona zvarinoreva. Shoko rokuti *chivi* rinoreva “kusatenda.” Pane zvikwata zviviri chete, zvinoti, mutendi kana uyo asingatendi. Ndiye, munhu akaruramiswa kana mutadzi. Ndizvo zvoga. Kana uri uyo asingatendi, uri mutadzi; zvisinei nokuti wakanaka sei, kuti unoenda zvakadini kucheche, kana kunyange uri muparidzi. Uchiri munhu asingatendi.

319 VaFarise vaya vaive vaparidzi, uye vaive avo vasingatendi, uye vari mugehena nhasi nekuda kwazvo. Vachingova vanamati sezvavaigona kuva, uye vakazvirereka, asi havana kuMutenda. Zvino vakaMudana kuti “dhimoni,” uye vakapikisana neShoko raKe. Uye vamwe vavo vakati, “kana uri, buruka zvino pamuchinjikwa. Ita chishamiso. Ngatikuone uchizviita.” Mumwe akaMurova mumusoro, nechimuti, zvino akati,

“Porofita uye utiudze kuti ndiani akurova, iwe muporofita, zvino tichakutenda.” Munoono, vaya vasingatendi! Vanotenda zvekabanga vachiti vaive vatendi, asi vaive avo vasingatendi, vasina kuvandudzwa, vakaparadzaniswa, kunyange vakanga vari vatsvene uye vakazvirereka.

<sup>320</sup> Nazvino, ndicho chinhu chimwe chete chakamira nhasi. Varume nevakadzi vanogona kuenda kucheche uye vova nechiso chakareba, uye—uye vakazvirereka sezvavangagone kuva, uye vasingamborevi nhema, kuba, uye vachiedza kurarama chitendero chavo nepavanogonesesa napo. Asi, kunze kwekunge vari mutendi, vakarasika. Saka hapana kana mutsara weavo vezvemurairo muBhaibheri. Calvinism ndiyo. . . Nyasha ndeizvo zvawakaitirwa naMwari, uye mabasa ndiwo aunoitira Mwari. Zvakanyatsopatsanuka zvachose.

<sup>321</sup> Kana ukarega kureva nhema, worega kuputa, worega kuba, worega kuita hupombwe, worega zvose, wakaita zvose, wakachengeta mirairo, uye nekuenda kucheche, ukabhabhatidzwa Svondo yoga-yoga, wakatora chirairo, ukageza tsoka dzevatsvene, ukaita zvose, ukapodza vanorwara, uye ukaita zvimwe zvinhu zvose izvi, kunze kwekunge wakabarwa neMweya waMwari, wakasanangurwa, wakararika. “Kwete uyo anoda kana uyo anomhanya, asi Mwari vanoratidza tsitsi.”

<sup>322</sup> Esau akaedza nepaaigona napo pose kuti ave Mukristu, asi akatadza kuzviita. Bhaibheri rakati akachema kwazvo, achitsvaga nzvimbo yekutendeuka, uye akaishaya. Asati atombozvarwa, Mwari vakamupomera, nokuti Vaiziva kuti akanga ari munyengeri akaora mumwoyo make. Mwari nekufanoziva vakazviziva. Vakati, “Ndinoda Jakobho, uye Ndinovenga Esau.” Zvino Esau aitaridzika semurume kwaye. Aigara kumba, achichengeta baba vake mutana bofu, achipa mombe chikafu, nezvose, akanga ari mukomana akanaka.

<sup>323</sup> Zvino Jakobho aive chikomana chaamai, mutauri wenhema mudiki anoita semusikana. Ndizvo zvaaiwa. Unofanira kuzvibvuma. Bhaibheri rinobvuma, rinozviunza. Achimhanya kwese-kwese, achiita zvose. Uye—uye, amai, achigarira pedyo naamai. Asi, zvakadaro, Jakobho, nenguva dzake dzose dzakanaka nedzakaipa, nenzira dzake dzechisikana, akanga achiri neruremekedzo kuhudangwe ihwohwo. Ndiro dingindira.

<sup>324</sup> Esau akanga ari murume kwaye kupfuura Jakobho zvakapetwa kaviri. Kana dai taifanira kumutonga nhasi, kuti ave nhengo yecheche yedu, waitora Esau, chiuru kune kamwe, kana wanga usingamuzivi. Asi Mwari vakatora Jakobho.

<sup>325</sup> Waizoita sei naMutsvene Pauro, kana dai aida kuva mushumiri? MuJudha mudiki, ane mhino yakakombama, uye muromo wake wakaenda parutivi, achienda achingokakavara, uye kuti achapamura sei Chechi, achaita zvese. Waitofunga kuti

akaita chivi chisingaregererwi, asi Mwari vakati, “Iye muranda waNgu.”

<sup>326</sup> Mwari vanotora vanhu ovaita vakasiyana, kwete kuti vanhu vanotora Mwari vova vakasiyana. Mwari vanotora munhu vomuita akasiyana. Hazvisi izvo zvaunoita, izvo zvaunoda, izvo zvaunofunga. Ndeizvo zvinoitwa naMwari. Hezvoka izvo. Zvino ndiyo nyaya yacho.

<sup>327</sup> Zvino, Merkizedheki mukuru uyu, inyaya yakadini pamusoro paKe pano! Tinoda kuverenga zvishoma, kungoti...takazomhanyisa nemazviri nekukurumidza chaiko. Tichatangira kumashure kuno pane chimwe chikamu cheGwaro, uye tichatangira sepanenge pandima 15.

Uye zviriro nazvino...pachena zvakatonyanya:  
kuti ikoko...nokuti kuchamuka *mumwe muprista*  
*akafanana naMerkizedheki.*

<sup>328</sup> Zvino, Merkizedheki akanga ari muPrisita. Aiva here? Hezvino zvaAiva. Tinoona kuti Mwari, pakutanga, vaive tsime guru reMweya. Ndizvo here? Akanga asina nzvimbo yekwaakaberekerwa. Akanga asina nzvimbo yokufira. Akanga asina mavambo emazuva. Akanga asina magumo emakore. Aingova weZiendanakuenda seZiyendanakuenda rinogara noKusingaperi. Haana kumbozvarwa. Haana kumbofa.

<sup>329</sup> Uye imomo, tinoona kuti, Aiva nemhando nomwe dzakasiyana dzeMweya. Ndizvo here? Bhaibheri rakataura, muna Zvakazarurwa, kuti, “Mweya minomwe iri pamberi peChigaro chohushe chaMwari.” Ndizvo here? Mweya minomwe, yakasiyana, minomwe. Tinoona kuti, pane mavara manomwe. Pane mazera manomwe echechi ikoko. Oo, zvinongomhanya. Zvinomwe kukwaniswa, uye Mwari vakanga vakakwana. Uye Mweya minomwe, uye Mweya iyoyo yakanga yakakwana. Rwokutanga rwaiva ruvara rutsvuku; rudo rwakakwana, rudzikinuro. Uye kuti, dai taiva nenguva, yokupa mavara iwayo nokuratidza kuti rimwe nerimwe remavara iwayo rinomirira kuchena kwaMwari. Ameni. Mavara iwayo, pane mavara manomwe pamasikirwe. Mavara iwayo anomiririra kuchena kwaMwari. Uye ma...Mavara iwayo anomiririra zvinangwa zvaMwari, maonero aMwari. Mavara manomwe iwayo, akamiririra mazera manomwe echechi, nyeredzi nomwe, vatumwa vanomwe. Kwese nemuMagwaro ose, vashumiri vanomwe, vatumwa vanomwe, mharidzo nomwe, zvose zviriro muzvinomwe. Mazuva manomwe. Mazuva matanhatu, uye rechinomwe isabata; rakakwana, rakakwana. Oo, zvakanaka, dai taingova nenguva yekunyatsopinda mazviri uye nekuaburitsa, mavara iwayo!

<sup>330</sup> Tora ruvara rwutsvuku. Tinotora ruvara rwekutanga, rwutsvuku. Chii chitsvuku? Chitsvuku ndechimwe chiratidzo chenjodzi. Chitsvuku chiratidzo cherudzikinuro. Uye ukatarisa

chitsvuku kuburikidza nemuchitsvuku, ruvara rwupi? Rwuchena. Ndizvo chaizvo. Saka pakadeurwa Ropa dzvuku, kuvhara chivi chitsvuku, Mwari, vachitarisa nemuRopa dzvuku, votarisa chivi chitsvuku, chinova chichena. Mutendi haagoni kutadza. Zvirokwasvo kwete. Mbeu yaMwari, maropafadzo aMwari, anoramba ari paari. Mwari hapana chaVanoona kunze kweRopa reMwanakomana waVo Vomene. Hazvinei nokuti chii chiri muChechi yaVo, kuti chii, Mwari haVazvione, nokuti Jesu ari kureverera, nguva dzose, Muprisita Mukuru. Hapana nzira yekuti angatadze, kana Chibairo chakadaro chiripo kuitira iye, saizvozvo. Zvirokwasvo kwete.

<sup>331</sup> Zvino kana ukati, “Saka, izvozvo zvinondipa mukana wakanaka...” Zvino zvinoratidza kuti hauna kumira zvakanaka.

<sup>332</sup> Unozokoshesa Izvozvo. UnoZvida, kana uri Mukristu wemazvirokwasvo, kusvika panzvimbo yekuti chivi chinokutambudza kusvikira pokuti unotadza kuchiita. “Nekuti Mbeu yaMwari inogara maari, uye haangatadzi.” Bhaibheri rakati, “Uchinge wacheneswa neRopa raJesu, hapasisinazve chishuwo chechivi.” Kana uine chishuwo, mwoyo wako hauna kunaka kuna Mwari.

<sup>333</sup> Zvino, uchakanganisa, asi hauzviiti nemaune. Maona? Waka—wakateiwa, uye chero chinhu chaunoteiwa machiri, kana kuita chimwe chinhu chausingade kuti uite, hachisati chava chivi, unotendeuka miniti yaunoona kuti wakanganisa. Unotendeuka nekukurumidza uye woti, “Ndanga ndisingarevi... handina kuzviona izvozvo.” Unozotaura izvozvo, muhupenyu hwose. Munhu haadi kuva, ndicho chikonzero tiri mapenzi kwazvo uye tiri murima kwazvo, pasi pano panyika, kuti pane yananiso yeRopa kwatiri, nguva dzose, inotichengeta takafukidzwa. Nokuti, kukanganisa kwekutanga kwatakasangana nako...

<sup>334</sup> Zvino, heyo pfungwa yako yezvemurairo. “Oo, unozivei? Mukadzi uyu akacheneswa. Asi, Mwari ngavarumbidzwe, akaita zvakaipa. Ndinoziva kuti akadzokera shure.” Handizvo. Haana kudzokera shure. Akakanganisa. Kana akazviita nemaune, ipapo akange asina kururama, pakutanga kwacho.

<sup>335</sup> Kana anga asingareve kuzviita, uye ofamba pamberi peChechi tsvene yaMwari uye ozvireurura, oti, “Ndakakanganisa, uye imi mundiregererewo,” makasungirwa kuzviita. Ukasazviita mumoyo mako, zvararo unofanira kuenda kuartari iwe pachako. Chokwadi. Pane hutsvene chaihwo muchechi. Pane hutsvene hwechokwadi, hutsvene husiri hwako, asi hwaKristu.

<sup>336</sup> Handina hutsvene hwardingaunza kwaAri. Asi ndiri kuvimba mune hwaKe, oo, nyasha dzaKe, uye ndinadzo mumoyo mango. Handina kuzvikodzera, hapana chandaigona kuita kuti



ndizvikodzere, asi nenyasha Akandidaidza ndokundikoka kuti ndiuye. Zvino ndakatarira kwaAri, uye Akabvisa chishuwo kubva mandiri. Ndinoita zviuru zvemhosho mumwedzi wega-wega, mugore rega-rega. Zvirokwasvo, ndinodaro. Asi kana ndaona kuti ndakanganisa, ndinoti, “Mwari, ndanga ndisingareveri kudaro, Munoziva mwoyo wangu. Ndanga ndisingarevi kudaro. Ndakateiwa mazviri. Ndanga ndisingarevi kudaro. Mundiregererewo, Ishe.”

<sup>337</sup> Kana ndakatadzira hama yangu, ndinoti, “Hama, ndiregerereiwo. Ndanga ndisingarevi kudaro. Zvirokwasvo, Mwari vanoziva moyo wangu.”

<sup>338</sup> Oo, hezvoka izvo. Hecho chipiriso cheRopa. Hero simba reVhangeri, Chechi iya tsvene iri kufambira mberi. Kwete nekuti chimwe chinhu chawakaita; chinhu chausinei nechekuita nacho. Heyo Yananiso.

<sup>339</sup> Zvino, Merkizedheki uyu, paAkauya.

<sup>340</sup> Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu. Wakambotora here chi—chimedu chegirazi chine makona matatu? Ukatora chidimbu chegirazi chine makona matatu, wochigadzika zvekuti zuva rinogona kuchirova, chinoburitsa mavara manomwe akawana. Chidimbu chegirazi chine makona matatu chinoburitsa muraraungu. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, dai taiva nenguva, taizopinda pane izvozvo. Zvitatatu zvinounza kukwaniswa: Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Hezvoka izvo. Kukwaniswa kunouya nezvitatatu. Mwari, pamusoro pomunhu; Mwari, muMunhu anonzi Jesu; Mwari, ari muChechi. Zvadarwo, kukwaniswa.

<sup>341</sup> Munhu akatadza, chero bedzi Mwari vaiva kumusoro *kuno* muShongwe yeMoto. Mwari. . . Munhu akatadza, waro, pamberi paMwari, chero bedzi Mwari vaive muShongwe yeMoto, nokuti akanga achiri chisikwa chine tsvina, ropa remhuka raive rakaiswa pamberi paVo.

<sup>342</sup> Zvino Gwayana raMwari rakauya, danho rechipiri chairo raMwari; Mwari vamwe chete, imwewo hofisi. Uye zvakare Mwari ava mune. . . vaiva muna Kristu, vakanga vari Mwari vamwe chete vakanga vari muShongwe yeMoto. Uye Mwari vamwe chete vakaitwa nyama ndokugara pakati pedu. Uye zvakare vanhu vakaMuseka, akanga achiri kudavirira pazviri. Pakanga pasati padeurwa Ropa. Ndizvozvo chaizvo. Jesu akati, “Ndichakuregererai.”

<sup>343</sup> Asizve Mumwe cheteyo aive nyama, akazova muShongwe yeMoto zvakare. “Ndakabva kuna Mwari. Ndinoenda kuna Mwari.” Pano tinoona Pauro achisangana naYe, munzira inoenda zasi kuDhamasiko, Shongwe yeMoto imwe cheteyo. Tinoona Petro achisangana naYe mutirono, Shongwe yeMoto imwe

cheteyo. Zvirokwazvo. Uye tinoMuona nhasi, pakati pedu, Shongwe yeMoto imwe cheteyo.

<sup>344</sup> Asi kukwaniswa kwasvika panzvimbo, yekuti Munhu wepakati...Zvino, kana zvikaitika kuti pane muJudha pano, kana mumwe munhu anonzwisisa Testamende Yekare. Kuzviratidza, rega ndikuratidze. Ini handina Testamende Yekare neni, iko zvino. Iyi i—iTestamende Itsva. Asi pakupiriswa kwechingwa chokuratidza chakanga chiri pandiro yechingwa chisina mbiriso, muchibayiro chechiJudha pakucheneswa kwematabhenakeri; bvunza chero muJudha; pazvimedu zvitatu zviya zvechingwa, chimedu chapakati chakamedurwa. Aiva Kristu. Chimedu chepakati chakamedurwa; Kristu, ari pakati. Zvakaratidza kuti paitofanira kuva nekumedurwa, pane imwe nzvimbo, kuitira rudzikinuro. Uye chimedu ichocho chaionekwa serudzikinuro, pachingwa chisina mbiriso.

<sup>345</sup> Uye heunoi Ari pano. Uye manheru ano, kana tichitora chirairo, tinomedura chingwa chisina mbiriso, nokuti muviri waKristu. Uye Akamedurwa paKarivhari, kuti ave Murevereri wezvivi zvedu, kuti kubudikidza nokururama kwaKe tigove kururama kwaKe. Nokuti, Akava chivi chedu, kuti isu tive kururama kwaKe. Hama, inyasha chaidzo dzega. Zvemazvirokwazvo. Hapana nzira, chero imwe nzira yaunogona kururamisa.

<sup>346</sup> Zvino, Merkizedheki uyu, Munhu uyu mukuru akasanganikwa naye panzira, akabhadhara, Abrahama akabhadhara chegumi kwaAri. Aifanira kunge Aiva Munhu mukuru kwazvo! Zvino cherechedzai, nokukurumidza.

Akaitwa, kwete *nemurairo* *we...* mirairo yenyama,...

<sup>347</sup> Zvino munoona here mutemo wezvemurairo? Murairo wakati, “Usauraya. Usaita upombwe. Usaba.”

<sup>348</sup> Jesu akatendeuka kumashure chaiko, akati, “Zvinotaurwa naavo venguva dzakare, ‘Usauraya,’ asi Ndinoti uyo anotsamwira hama yake, pasina chikonzero, atouraya kare. Zvinotaurwa naavo, venguva dzakare, ‘Usaita upombwe,’ asi Ndinoti kwamuri, ani nani anotarisa mukadzi kuti amuchive, atoita upombwe mumwoyo make naye.” Hezvoka izvo. Zvinofanira kudzidzisa vakadzi mapfekero, maitiro eizvo zvakanaka. Ukapfeka zvisizvo, uye uchiita kuti varume vakuone nenzira isiri iyo, une mhosva yokuita upombwe, zvakangofanana sekunge wakaita chiito chacho. Jesu akadaro.

<sup>349</sup> Uye imi vanhu vane hashu dzamandiriri, dzinogara dzichingoviruka kubva mumuromo dzakananga kune mumwe munhu, musingagone kuva nemoyo murefu, nezvimwe zvakadaro. Chenjerai. Une mhosva kana ukataura shoko rimwe pamusoro pehama yako risina kunaka, risina kukodzera, wofamba-famba uchiputsira pasi. Hausungirwe kubaya munhu

nebanga kumusana kuti umuuraye. Unogona kuparadza hunhu hwake zvino womuuraya, kuuraya runziro yake. Kutaura zvinopesana nemufundisi wako pano, kutaura chimwe chinhu chakaipa pamusoro pake, wanga wadii hako wangomupfura. Wakataura chimwe chinhu chakanga chisina kunaka pamusoro pake, saka, zvinouraya runziro yake nevanhu nezvimwe zvinhu zvakadaro, uye une mhosva yazvo. Zvakataurwa naJesu.

<sup>350</sup> Zvino, teerera! pano, izvo—izvo Pauro aiedza kusvika kwazviri pano. Ndinoda Bhaibheri rekare iri. Rinokutwasanudza. Tarisai, oo, chingotarisa! pano. Zvino, sezvataverenga ina- . . . “Zviri. . . nokuti zviri pachena kuti Ishe vedu vakabva kuna Ju- . . .” Mirai, ndinotenda kuti ndine rimwe vhesi pano randanga ndichaverenga. Kwete, zasi kuno pane rechi 16.

Akaitwa, kwete *nemurairo* *we. . . mirairo*  
yenyama, . . .

<sup>351</sup> Zviri pamurairo, munoona. “Oo, hama, ini—ini handifanire kudaro. Handifanire kudaro. Ndinoziva, asi ini. . .” Handizvo izvozvo. Rudo ndirwo rwunozviita.

<sup>352</sup> Takapfuura hedu nemazviri! Ndati, “Kana ndikati kune wangu. . . nezve mukadzi wangu, ‘Oo, saka, ndi—ndi—ndinoda kuva nevakadzi vaviri. Ndinoda kumhanya-mhanya *newyu*, ndoita *izvi* apo. Asi, kana ndikadaro, mudzimai wangu achandiramba, uye vana vangu vachapinda mune. . . Shumiro yangu inozorasika.” Iwe munyengeri ane tsvina, akaora. Ndizvozvo chaizvo. Haumudi nenzira chaiyo, pakutanga kwacho. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>353</sup> Kana waimuda, hapaizova nemurairo pazviri. Waimuda, zvakadaro, uye unonamatira kwaari. Ndizvozvo chaizvo. Uye imi madzimai munoita zvimwe chetezvo kumurume wenyu. Ndizvo chaizvo.

<sup>354</sup> Dzimwe nguva vakadzi vanova panzvimbo, kana kuti. . .

<sup>355</sup> Murume anoona mumwe Jezebheri mudiki akapendwa, munoiziva, uye—uye unoendako, wobva wamuda; pamwe une mudzimai akanaka. Uye wobva wazvidaidza kuti Mukristu. Unonyadzisa. Unoda chimwe chipimo cheartari. Ndizvozvo.

<sup>356</sup> Uye vamwe venyu—uye vamwe venyu imi madzimai munotarisa-tarisa kune kamwe kamuchinda kakare kane vhudzi rakakwenenzverwa, rine Vhaserini inokwana pariri zvoku. . . vhura muromo wake. Uyezve iwe. . .

<sup>357</sup> Mumwe musikana mudiki wakare, pano kasiri kare. . . Iyi haisi nyambo, nekuti handireve kuzviture senyambo. Asi vanhu vanoziva kuti ino haisi nzvimbo yenyambo. Asi musikana mudiki pano, iye. . . Paiva nevakomana vakanaka pano, vakomana Makristu. Kare kare, pandakanga ndichifudza pano, taimbova nemakirasi evarume vechidiki. Uye ndaizotaura nemadzimai

echidiki masikati eSvondo, nezvekusangana pabonde nezvimwe. Zvino masikati eSvondo inotevera, ndotaura kumajaya, ndoedza kuita kuti zvinhu izvozvo zvidziviswe.

<sup>358</sup> Kamwe kasikana kekare kakatanga kufambidzana nekamwe kamunhu kadiki kasina maturo, mudhorobha muno, kaiputa fodya uye kaine bhodhoru muhomwe make. Uye kaityaira kamota kadiki kasina denga kachitenderera muguta. Handina kuona zvaakaona mumukomana iyeye. Aisauya kuchechi. Aigara panze apo. Aimuisa muchechi kunze kuno, uye obva agara neche panze apo kunze, mumotokari yake, omirira, aisapinda muchechi. Ndakati kwaari rimwe zuva. Aigara kuNew Albany. Ndakati, “Ndinoda kukubvunza chimwe chinhu, chimhandara. Chii chaizvo chaunonyatsoona mumukomana iyeye?” Ndakati, “Chokutanga, anovenga ichocho chitendero cha—chauinacho. Anozvidza Kristu wako. Haangambokuitira murume. Anozoita kuti unge wakasuwa, hupenyu hwako hwose.” Zvino ndakati, “Zvinoka, pane vakomana vadiki Makristu vakanaka pano vaunogona kufambidzana navo. Uye ipapo baba naamai vako vanoshora pfungwa dzekuti iwe ubude kunze, asi unoenda zvakadaro, uye unofunga, ‘Ndiri wechidiki akaisvonaka.’”

<sup>359</sup> Akatanga kuzora pendi kumeso uye achibuda kunze, zvino chinhu chekutanga, aive opinda mumabhawa. Akaenda kuZiendanakuenda zvino. Asi, zvakare, akamira pano. Uye munoziva kuti musikana iyeye akandipa chikonzero chipi kare ikoko, chekuti aida mukomana iyeye? Akati, “Ane tsoka diki dzakanaka kwazvo, uye anonhuwirira zvakanaka kwazvo.” Ungazvifungidzirawo here izvozvo? Kuzvipfapfaisa nezvinonhuwira, mukadzi uyo, kwete murume.

<sup>360</sup> “Tarirai,” ndakati, “hanzvadzi, ndingasva hangu ndafambidzana nemukomana Mukristu aive netsoka dzakaita semarori emajecha uye achinhuwa sechidembo, kana aiva Mukristu zvemazvirokwazvo.” Ndizvozvo chaizvo. Chokwadi. Hongu.

<sup>361</sup> Pembedzo yake, “Tsoka diki dzakanaka kwazvo, uye achinhuhwirira zvakanaka kwazvo.” Kachigonamubhawa, pakupedzisira akazoparadza hupenyu hwemusikana wacho. Zvinonyadzisa, zvinonyadzisa.

<sup>362</sup> Muchato unoremekedzwa, asi unofanira kupindwa wanamata kwazvo uye noruremekedzo. Uye rudo rwechokwadi kumukadzi iyeye rwuchakusungai pamwe chete nekusingaperi. “Chamunosunga panyika, Ndichachisunga Kudenga.” Pamunofamba muchidzika nemugwagwa uko, anogona kuchembera nekuchena musoro uye nekuunyana, asi rudo irworwo rwumwe chete rwawaiva narwo kwaari achiri mukadzi wechidiki, akaisvonaka, unoramba uinarwo.

363 Unogona kuve nemapendekete akakombama, nemhanza, nekuunyana kumeso nezvimwe zvese, asi achakuda sezvawaive umire nemapendekete akafara nebvudzi rakamonana, kana vari Mwari chaivo. Nekuti muri kutarisa kunguva pamunenge mayambuka rwizi kure uko, pamuchadzoka, zvakare kuva majaya nemhandara, mozogara pamwe chete nekusingaperi. Ndiyo vimbiso yaMwari yeKusingaperi. Vakati Vachazviita. Ivo, kwete izvozvo bedzi, tichasvika kwazviri muminiti, Vakapika kuti Vachazviita.

364 Teerera! kune izvi, tichienderera mberi.

Akaitwa, . . . *nemurairo we . . . mirairo yenyama, asi nesimba re . . . hupenyu husingaperi.*

365 Iye zvino tichaverenga nekukurumidza, kuti tigone kuzvibata.

*Nekuti iye unopupura, Iwe uri muprista nekusingaperi* uri werudzi rwa *Merkizedheki.*

Chero bedzi pachiri kuzodiwa muprisita, Achange ari Muprisita.

*Nokuti* zviri pachena kuti kubviswa kwemirairo yakatungamira . . . *hutura* hwekusabatsira kwawo.

*Nekuti murairo hauna chinhu chawaikwanisa, . . .*

366 Haugone, zvisinei nezvaunaita. Unorega kunwa doro, worega kusvuta, worega kutaura nhema, woenda kuchechei uye woedza kuita *ichi* nekuedza kuita *icho*, uchiri wenyama. Uchingori murairo bedzi. Murairo hauna chinhu chaunokwanisa. Asi chii chinokwanisa? Kristu. Kubwinya! Ndinogona kurega kunyepa, kurega kuba, kurega kuita upombwe, kurega kutsenga, kurega zvinhu zvose, asi ndichiri wenyama. Mwari havazvigamuchire, nekuti handina chekuVapa muyananiso.

367 Asi miniti yandinoisa maoko angu pamusoro wakaropafadzwa waIshe Jesu, uye ndoti, “Ishe, handina kunaka. Munganditorawo here semuranda weNyu?” uye Mwari vanotsvoda kure chivi changu, ndinomira ndakawana pamberi paMwari. Ndizvozvo chaizvo. Sei? Handisi kumira pakukodzera kwangu. Ndakamira pane kwaKe. Uye Akatikwanisa, kubudikidza nekutambudzika kwaKe neRopa raKe.

368 Ndinoona yave nguva yekuvhara. Asi ndinoda kupedza kuverenga izvi kana ndikakwanisa, nekukurumidza.

. . . kuenda mberi nokuda kwekuti *hutura* hauna maturo.

*Nekuti murairo hauna chinhu chawakakwanisa, asi kuunzwa kwetariro inopfuura nokunaka kwakadaro;*

(Ndeipi tariro iri nani? Kristu.) *yatinosweder a nayo kuna Mwari.*

369 Sei? Kubudikidza nekunaka kwedu kwese, uye nekunaka kwedu kwese, uye nekunaka kwedu kwese, tichiri munyama. Asi kana tangove muHupo hwaMwari, tichicherechedza kuti hatiangambomira ipapo, kunze bedzi nekukodzera kwaJesu Kristu, zvino tinosweder a pedyo naMwari, kubudikidza nekukodzera kweMwanakomana waVo. “Ishe, ndinouya kwaMuri, nemoyo wakarurama. Muzita reMwanakomana weNyu Jesu, ndapota ndigamuchireiwo.” Oo, hama, uri kuuya nenzira mhenyu zvino.

370 Kwete, “Ishe, Munoziva kuti ndakarega kunwa. Munoziva kuti ndinobata mukadzi wangu zvakanaka. Munoziva ndinoita izvi. Ndinoita izvo.” Hauna chaungapa.

371 “Nekuti murairo wemirairo yenyama waisagona kuita chinhu, asi kuunzwa kweimwe tariro wakadaro. Tariro iyoyo inova Kristu, yatinayo sehoko yemunhu wemukati, haizungunutswe uye yakasimba.” Tarisai.

*Uye zvokuti pasina mhiko iye . . .*

Chisazitasingwi, kana mukacherechedza muno, zviri mumavara akarerekera mberi.

*. . . akaitwa muprista:*

Kwete muprisita chete, asi Akaitwa Muprisita nemhiko. Kwete . . .

372 Zvino tarisai. Ngatitorei humwe huprisita hwasara.

*(Nokuti vaprista ivavo, vaRevhi, varume vane nduramo, vakarurama, vakatendeka, vaprista ivavo vakaitwa pasina mhiko; . . .)*

373 Mwari vakangoti, “Vari verudzi—vari verudzi rwaAroni, kuti Akaita ava vapisita.” Ndokuuya vachidzika nemuzvizvarwa. Vanoenda kuchikoro uye vonodzidzira kuva vaparidzi nezvimwe zvakadaro. Vakadzika zasi. Saka Mwari vakavaita vapisita vakadaro. Vakazviita vapisita pachezvavo, kubudikidza nedzidzo yavo, nenhaka yavo, nezvimwe zvakadaro. “Asi Murume uyu akaitwa Muprisita kubudikidza nemhiko yakaitwa naMwari.” Nyatsoteereresai zvino.

*(. . . vakaitwa pasina mhiko; asi iye nekupika kwaiye wakati kwaari, Ishe wakapika uye haangatendeuke, ameni, Iwe uri muprista nekusingaperi uri werudzi rwaMerkizedheki:)*

*Saizvozvo Jesu wakaitwa rubatso rwesungano inopfuura nokunaka.*

Zvino, nokukurumidza.

*Uye ivo zvirokwazvo vaiva vaprista vazhinji, nekuti vakadziviswa kuendera mberi nechikonzero cherufu:*

Zviuru zvakapetwa zviuru zvakapetwa zviuru, zvevapisita, nokuti vakanga vasina chimwe chinhu kunze kwerufu chete nerufu nehutera, nerufu nerufu nerufu.

<sup>374</sup> Asi Mutarisei.

Asi murume uyu, (Murume upi?) Jesu, nokuti *zvaanogara nokusingaperi, ane huprisita husingashandurwe. Uko kune . . .*

*Naizvozvo anokwanisawo zvakare kuvaponesa kusvikira kumagumo; zvisinei kuti kure sei, vakaderera sei, vari kure sei, Anokwanisa kuponesa kusvika kumagumo; avo vanouya kuna Mwari naye, . . .*

Kwete ne . . . nokururama kwako; asi pakureurura kwako. Maona?

*. . . avo vanouya kuna Mwari naye, nokuona kuti anorarama nokusingaperi kuti avareverere.*

Aripo ipapo, nguva dzose, achireverera.

Kubva kune *muprista mukuru wakadai* akava isu, anova *mutsvene, asina chaangakuvadza, asina kusvibiswa, akaparadzaniswa nevatadzi*, uye akaitwa Muprista Mukuru Kudenga;

<sup>375</sup> Hezvoka izvo. Zvino, kana ndikaedza kumiririra nyaya yangu, ndinorasikirwa nayo. Kana ndikaedza kumiririra, ndoti, “Zvakanaka, baba vangu vaive munhu akanaka. Baba vangu vaiva muparidzi. Saka, ndakagara muchechi.” Ndichiri ndakarasikirwa nayo. Asi Murume uyu ndiye Uyo akakwana, Kristu. Anogara ipapo uye opira Ropa raKe nguva dzose kuitira zvivi zvangu. Hezvoka izvo.

*Usingafaniri zuva rimwe nerimwe, sevaya . . . vaprista, kubaira zvibairo, pakutanga pamusoro pezvivi zvake, pashure pamusoro pezvavanhu: nokuti wakaita izvozvi kamwe chete, paakazviita pachake chibayiro.*

<sup>376</sup> Zvino tarisai ndima yekupedzisira.

*Nekuti murairo unogadza vanhu vane utera kuti vave vaprista vakuru; . . .*

<sup>377</sup> Ndizvo izvo murairo, murairo wenyama, zvaunoita. Zvino, ndinoshuva kuti dai ndangova neanenge maawa maviri ndiri pano chaipo. Ndiyo nzira iyo murairo uchiri kuita vanhu vaparidzi. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>378</sup> Handiti, vanoti, “Saka, murume uyu ane chitiko chekuseminari.” Ini handingatsivanise chitiko changu chidiki cheKudenga chakare nemaseminari ose ari munyika.

<sup>379</sup> “Handiti, takadzidzisa murume uyu. Aka—akaita zvokusarudzwa nevanhu. Murume akazvigadzira pachake.” Handidi mhando yakadaro. Ndinoda munhu akagadzirwa naMwari. Maona? Maona?

380 Asi murairo unoramba uchiita vapisita. Murairo uchiri kuita vaparidzi. Che—chechi yeBaptisti, vanogovera vaparidzi; maoko akazara navo, vane muchina unovagadzira. MaMethodisti vanavo. MaBaptisti vanavo. MaPresbyteriani, maNazarene, maPilgrim Holiness, maPentekosti, vanovagadzira nokukurumidza kwavanokwanisa, sechirongwa chikuru, muchina mukuru. Womira ipapo sekunge. . .

381 Ndakagara ndichiti, “Zvirokwazvo ndi—ndinonzwira tsitsi huku yemuchirindiriro.” Munoziva, kahuku kadiki kakare kakachechenywa kubva muchirindiriro, hakana kuchechenywa zvakanaka. Kwete. Tseketsa inofanira kuchechenywa huku. Asi huku yemuchirindiriro, kana yabuda, inoti “chepi, chepi, chepi,” uye haina amai vekuenda kwavari. Maona? Haizive kuti mai chii. Ndizvozvo chaizvo. Iri kuchemera vamwe, asi iyo haina kana.

382 Asi nhiyo diki yakachechenywa pasi petseketsa, nenzira yemasikirwe, inochema uye amai vanopindura. Ndizvozvo chaizvo.

383 Uye dzimwe nguva ndinofunga pamusoro pechiitiko ichi pano chekuseminari chokubuda kubva muzvirindiriro zvikuru izvi zveMuLouisville nepasi rose, zvichichechenya zviuru zvevaparidzi. Zvirindiriro zvePentekosti, nezvirindiriro zvePresbyteriani, ne—nezvirindiriro zveBaptisti, zvose zvinochechenya tunhiyo twavo—twavo—twavo tudiki. Twunoti, “chepi, chepi, chepi,” uye twotaura nezve chirindiriro chatwakachechenyerwa machiri.

384 Asi ndinoda kuva naBaba, Amai. Ngarikudzwe Zita raShe! Vakanga vasina kuwanda kwazvo vakazvarwa pamwe neni, asi vaivepo ihama dzangu. Amen. Tina Amai vanopindura kana iwe. . . Amai Vari Kudenga, Vanova amai vedu tose. “Sehuku inovhumbamira nhiyo dzayo, ichikukudza kwadziri, ne—nekudanira kune dzayo. . . inovhumbamira pamusoro pehuku dzayo, naizvozvovo Ndichavhumbamira pamusoro peny. O Jerusarema, Jerusarema, kangani kaNdingadai ndakakutora sezvinoita huku kuhukwana dzayo! Kangani kaNdingadai ndakakuita waNgu, asi wakaramba. Makave nemaseminari enyu moga, mukachechenywa vapisita venyu. Vakakudzidzisa zvinopikisana neNi. Zvino masiiwa muri mega. Kuparadzwa kwenyu kuri mberi kwenyu.”

385 Zvino ndinotaura izvi: Oo, vanhu, oo, vanhu, kangani Mweya Mutsvene ungadai wakakuvhumbamirai, sezvinoita huku kunhiyo dzayo, asi munoda nzira yenyu pachenyu, muchava nenzira yenyu pachenyu pamusoro pazvo!

386 Humwe wehusiku huno ndinoda kuparidza nezve, “Nzira yako pachako.” Munoziva, Kaini aida nzira yake pachake. Munhu anoda nzira yake pachake, nhasi. “Asi pane nzira inoita seyakanaka, asi magumo rufu.”



<sup>387</sup> Zvino tarisai. “Mune izvozvwo Anoti, ‘Sungano itsva—itsva...’” Ndinotenda, zvino kuti...Kwete. Ndanga ndiri panzvimbo isiri iyo.

<sup>388</sup> Ndima 28.

*Nekuti murairo unogadza vanhu vane hutera kuti vave vaprista vakuru; asi shoko rekupika, rakavepo kubvira paive nemurairo, rinogadza Mwanakomana, anoenderera mberi nekusingaperi.*

<sup>389</sup> Mwari ngavarumbidzwe nekusingaperi, nekuda kweMwanakomana anogara nekusingaperi ari werudzi rwaMerkizedheki. Uye haAna kumbova nemavambo. HaAna magumo zvachose. Uye murairo waisakwanisa kuburitsa chinhu chakadaro, nekuti waive wenyama. Chechi haikwanise kuburitsa chinhu chakadaro, masangano, nekuti ndeenyama. Ma—maseminari haambokwanisi kuburitsa chinhu chakadaro. Vakaedza kudzidzisa nyika kwaZviri. Vakaedza kuita sangano paZviri. Vakaedza nzira dzose dziri munyika, kugadzira chinhu chose chavaigona, uye vachisiya chinhu chacho chine basa: “Unofanira kuzvarirwa maZviri.” Mwari vanokuita zvauri, zvirokwazvo, kwete nekuti warega kuita *izvi*.

<sup>390</sup> Zvino, maNazarene, unofanirwa kunge usingapfeki mhete yemunwe, haufaniri kupfeka wachi, uye unofanira kuva *nezvimwevo* zvinhu, maoko ako anofanira kunge akareba *kudai*, maoko ehembe, masiketi ako anofanira kunge akareba *zvakadi*, uye—uye varume havagoni kuva veimwe kirabhu. Uye havazokubhabhatidzi kana ukasadaro. Zvakanaka. Heunoi muKatorike achipinda, uye vane zvavo. Zvino heanoi maMethodisti vachipinda, vane zvavo. Mumwe nomumwe wavo ane chiyero chaunofanira kusvika pachiri. Kana ukasazvikwanisa, zvakanaka, zvatopera. Maona?

<sup>391</sup> Zvinoka, asi chinhu chaicho ndicho, ndeichi, “Hapana chandinounza chiri mumaoko angu! Ndinongobatirira bedzi pamuchinjikwa weNyu. O Mwari, ndakashama, ndakakuvara, ndinoda rubatsiro. Oo, ndinouya nekuzvininipisa kukuru, Kristu, ndichipupura kuti handisi chinhu uye hapana chinhu chiri mandiri. Ndigamuchireiwo, O Mwari.” Ipapo Mwari vanokugamuchira.

<sup>392</sup> Zvino, unogona kunge usingambozive maABC ako. Unogona kunge usingazivi kofi kubva kupizi dzakatsemurwa. Unogona kuziva, usingazive enda kurudyi kubva kuna enda kuruboshwe, kurudyi kubva kuruboshwe. Hazvina mutsauko wazvinoita pane zvausingazive. Pane chinhu chimwe chete chaunofanira kuziva, kuti, Jesu Kristu akatora nzvimbo yako semutadzi. Uye iwe tora nzvimbo yako, umire mukururama kwaKe, uchipupura zuva nezuva kuti wakakanganisa, uye woMuda nomwoyo wako wose, uye zvinangwa zvako zvose zvakanangiswa kwaAri, unoenda Kudenga. Ndizvo chete zviripo kwazviri, nokuti

Hupenyu hwaiva muna Kristu hunofanira kuva mauri, kana kuti wakarasika.

<sup>393</sup> Tave kuda tavhara, munorangarira here sungano isina zviga iyo Mwari vakaita naAbrahama? Chii chaVakaita manheru iwayo Mwari pavakati, “Rega ndione . . .” Abrahama paakati, “Regai ndione kuti Munozviita sei.” Chitsauko 16, ndinofunga ndicho, chaGenesi. “Regai ndione kuti Muchazviita sei.”

<sup>394</sup> Vakati, “Huya pano, Abrahama.” Zvino Vakabvisa Abrahama, vakati, “Enda unoNditorerera go—gondohwe, uye enda unoNditorerera mbu—mbu—mbudzi, uye enda unoNditorerera tsiru. Uye Ndinoda kuti uzviunze kumusoro kuno woita chibairo.”

<sup>395</sup> Zvino Abrahama akaenda ndokutora gwai, ne—nembudzi, uye gwa—gwa—gwayana, kana kuti, tsiru. Uye akadziuraya. Dzose dzakanga dziri zvibairo zvakachena. Akadzitsemura nepakati, ndokudziwaridza. Ndokubva aenda akanotora njiva mbiri, akadzigadzika imomo. Ndokubva Abrahama arindira achidzinga shiri kubva padziri, akamirira kuti Mwari vauye. “Zvino, Ishe, hecho chibayiro, Muchazviita sei? Handizivi kuti Muchaponesa sei munhu zvichipesana nekuda kwake iye pachake. Handizivi kuti Muchaita izvi sei. Mungazviita sei, Ishe?”

<sup>396</sup> Ishe vakati, “Zvino tarisa, Abrahama. Uri muprofiti. Uri wemweya, uye uchanzwisisa zvaNdiri kutaura nezvazvo.”

<sup>397</sup> “Zvakanaka, Ishe, ndinoda kuona.” Zvino ndiri kungopa mutambo.

<sup>398</sup> “Saka, Abrahama, iwe huya kuno zvino, ugare pasi pano urindire uchidzidinga shiri idzi.” Saka akadziringira shiri dzese kure, kusvikira zuva rava kunyura.

<sup>399</sup> Zvino chinhu chekutanga munoziva, Mwari vakaburuka. PaVakaburuka, Abrahama akatanga kukotsira. Mwari vakati, “Abrahama, Ndichakukotsirisa.”

<sup>400</sup> Zvino teerera, shamwari yezvemurairo. Munooni, Mwari vakabvisa Abrahama zvachose panyaya yacho, hapana kana chaaifanira kuita mazviri. Uye ndiyo nzira yaVakakuwana nayi. Wakati, “Oo, ndakatsvaga Mwari.” Iwe hauna.

<sup>401</sup> Mwari vakakatsvaga, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga.” Maona?

<sup>402</sup> NdiMwari vari kutsvaga iwe, kwete kuti iwe uchitsvaga Mwari. Hauna kumbozviita. Hunhu hwako hwakaipa. Uri nguruve. Hauzive chero mutsauko. Unongogara mudanga renguruve. Ndzivo zvoga zvaunoziva. Unozvida. Kunwa doro, kungodzengerera, kumhanya-mhanya nemukadzi wemumwe murume, uye uchiita zvese zvaungagone kuita zvakaipa, zvichingoratidzika sezvakanaka. “Oo, hama, tiri kuva nenguva huru!” Unofunga kuti yakanaka.

403 Asi Mwari vanogogodza pamoyo pako. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti] Ndizvo zvinoshandura. Kwete iwe uchigogodza pana Mwari; Mwari vanogogodza pauri. Adhamu haana kumbogogodza pamoyo waMwari; Mwari vakagogodza pamoyo waAdhamu. Uye uri mwanakomana waAdhamu. Ndizvozvo. Adhamu asati ave mwanakomana waMwari, zvakare, Mwari vakatozogogodza pamoyo wake. Usati wava mwanakomana waMwari, Mwari vanofanira kugogodza pamoyo wako.

404 Ndokubva, Abrahamama akotsira. Zvino paakakotsira, chii chinhu chaakatanga kuona? Rima, rakaipisira kwazvo, kunge rine zvipoko, rinotyisa. Ndirwo rufu, rwunouya parudzi rwese rwevanhu. Ipapo akabva atarisa mberi zvishoma kupfuura ipapo, ndokubva aona vira raipfungaira. Usati wava neutsi, unofanira kuva nemoto. Ndicho chikonzero ndinotenda mune gehena senzvimbo inobvira moto. Zvakanaka.

405 Vakaratidza, mumwe nomumwe wedu akaiswa pasi perufu, uye mumwe nomumwe wedu anofanira kuenda kugehena, nokuti tiri vatadzi.

406 Zvino, asi, mberi kwaizvozvo, akaona Chiedza chiduku, chichena.

407 Uye Chiedza chidiki ichi, chichena, Chiedza chimbori chii? Chiedza chichena ichocho chaiva chii? Shongwe yeMoto iya yakatungamira vana veIsraeri. Shongwe yeMoto yakasangana naPauro munzira yaidzika kuDhamasiko. Shongwe yeMoto yakaburitsa Petro mutirongo. Shongwe yeMoto iri pano manheru ano.

408 Mwari ivavo veZiyendanakuenda, vokusingaperi, Ivo pachaVo vakafamba nepakati pezvibairo izvi zvakatsemurwa nepakati, (oo, ini zvangu), kukwira nekudzika pane chimwe nechimwe. “Aya ndiwo maitiro aNdichazviita, Abrahamama. Nditarise, zvaNdichaita. Ndiri kuita sungano pano. Uye Ndichatora mhiko, yokuti, maererano neMbeu, Ndichasimudza Murevereri. Ndichaita sungano nerufu. Uye ndichatonga rufu, munyama, nokuti iNi pachaNgu ndichauya ndichirwutora. Abrahamama,” akati, “kubudikidza neMbeu yako, Abrahamama, kuchauya, uchava baba vepasi rose, kubudikidza neMbeu yako. Uye kwete iwe woga, kuti Ndinoita vimbiso iyi newe, asi Mbeu yako inokutevera.” Aiziva munhu wose aizovapo. “Kwete *ivo*; asi zvaNdinoita. Ndichazviita, Abrahamama. Ndakavimba naAdhamu, uye akatyora yake. Uye mumwe wese anotyora yake. Asi Ndichaita izvi neni pachaNgu, uye ndichapika neni pachaNgu, ‘NdichaIchengeta.’” Ameni. Ameni. Ameni.

409 Tinoitei, patinoita sungano? Ndinoti, “Hama Neville...” Zvino tarisai izvi, kweminiti chete. Ndinoti, “Hama Neville, ndikuudzei zvandichaita. Kana mukaparidza kusvika... mangwana manheru, uye nemanheru anotevera, zvichidaro

kusvika Chitatu, ndichaparidza, kubva Chitatu, zvichidaro kusvika Svondo.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “Munoita chibvumirano ichocho?”

410 “Hongu, changamire.”

411 Heino nzira yatinozviita nayo. “Tikwazisane, mukomana.” Ndizvozvo. Ndiyo sungano muAmerica. Ndiwo maitiro atinoita sungano.

412 Zvino, vanoita sei sungano muJapan? Tinoita, toti, “Iwe ita *zvakati-nezvakati*, uye ini ndichaita *zvakati-nezvakati*.” Tinonokora tumunyu tushoma, nekuti munyu unorunga. Zvino tinotora munyu, zvino ndoukandira pana Hama Neville, uye Hama Neville vanotora munyu—munyu voukandira pandiri. Iyoyo isungano yatosunga.

413 David Livingstone akaita sei sungano nemutema wekuAfrica, kuti apinde munyika yake? Akaenda akanowana mambo, kuti agone kupfuura kumusoro ikoko, kuti aparidze Evhangeri uye nokuita basa. Zvino vakatora girazi rewaini. Heino sungano nemutema wemuAfrica. Vaive negirazi rewaini. Zvino mambo wechitema akacheka tsinga dzake iye, ndokubuditsa ropa achiriisa mugirazi rewaini iri. Zvino David Livingstone akacheka tsinga dzake iye, ndokubuditsa ropa achiriisa mugirazi rewaini. Vakazvikonzonga. Livingstone akanwa hafu yacho, zvino mambo wechitema akanwa hafu yacho. Ndokubva vapa chipo, mumwe kune mumwe. Mambo wechitema, David Livingstone akati, “Unodei kwandiri?”

414 Akati, “Bhachi jena rawakapfeka.” Saka Livingstone akabvisa bhachi rake ndokuripa kuna mambo wechitema. Akati, “Unodei?”

415 Akati, “Iro pfumo rinoyera raunaro muruoko rwako.” Nokuti, aiziva kuti aigona kuzonopinda naro, saka akatora pfumo racho. Zvino vakanga vava hama, nokuti vakanga vaita sungano.

416 Zvino paaienda, uye marudzi emo aizomhanya kuti amuuraye, aisimudza pfumo riya rinoyera. Zvino kana akadaro, vaitarira ndokuti, “Oo, oo, hatikwanise kubata murume iyeye.” Sei? “Ihama yesungano, kunyangwe ari muchena, hatina kumbomuona kumashure.” Havana kumboziva kuti vaiva vatemala kusvika vamuona. Havana kumboona zvakadaro kumashure. “Asi ihama yesungano. Ane pfumo ramambo muruoko rwake.”

417 Mufananidzo wakanaka sei, nhasi, wekunwa sungano yeRopa raIshe Jesu, nesimba reMweya Mutsvene riri pamusoro pedu! Tinoenda mberi nemuZita raJesu, uye zviratidzo izvi zvichatevera avo veko. Ndiro Pfumo rinoyera raMambo. Munoona here zvairi, sungano yacho?

418 Vaizviita sei munguva dzokumabvazuva? Vaiita mhiko, mumwe kune mumwe. Vaiuraya mhuka, voitsemura vachiivhura, zvino vomira pakati chaipo. Varume va—vaviri vaimira pakati payo, mhuka yakatsemurwa. Zvino vaigadzira sungano. “Kana ndikatadza kuchengeta *izvi*, kana ndikatadza kuita *izvi*, handiti, *izvi nezvakati-zvakati*, regai mutumbi wangu uve semhuka yakafa iyi. Mutumbi wangu ngauite semhuka yakafa iyi.” Uye kana vakaita izvozvo, vanotora sungano iyi vomira pakati peiyi; voita mhiko, votora mhiko yokuti vachazviita. Zvino vanotsemura bepa racho, pamwe chete, nepakati, voripa kune mumwe murume, rimwe racho kune anotevera. Pane imwe nguva vachasangana. Uye ngavafe rufu, kana vakatadza kuchengeta mhiko iyoyo; uye vofanana nemhuka idzodzodzokafa. Zvakanaka.

419 Macherechedza here mhuka nhatu? Dzakakwana; gwayana, mbudzi, uye zvibayiro zvitatu zvakakwana. Gwayana raiva chii. . . Njiva yaiva chii? Uye njiva mbiri dzairevei? Njiva mbiri dzakapirisirwa zvese ruponeso nekupodzwa, mune—mune. . . zvakapinda mairi. Maona? Yananiso dzakaitwa dzakasiyana, asi kupodzwa kwakaenderera mberi zvimwe chetezvo, uye naizvozvowo ruponeso rwakaenderera mberi zvimwe chetezvo. Njiva mbiri, dzisina kupatsanurwa, dzaireva kuti dzaimiririra, zvese zviri zviviri. Ruponeso. . . “Nemavanga aKe takapodzwa. Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu. Nemavanga aKe takapodzwa.” Dzakaradzikwa padivi, dzisina kupatsanurwa. Asi sungano, chikamu chemhuka (dziri nhatu) dzakachekwa nepakati. Maona? Zvino pavakaita izvozvo, vakatsemura ndokuita sungano yavo.

420 Tarirai zvakanga zvichiudzwa Abrahamana naMwari: “PaKarivhari, paKarivhari, maererano neMbeu yako. Kubva mauri ndokuuya Isaka, kubva muna Isaka ndokuuya *Nhingi-nhingi*, Jakobho, kubva muna Jakobho ndokuuya Josefa, kubva muna Josefa, zvichidzika, zvichidzika, zvichidzika, vakavatevera, kusvikira, pakupedzisira, kuburikidza neMbeu iyoyo yakarurama!” Yake. . .

421 Achangopedza, pano, achiti Ishe wedu vakabuda murudzi rwaisazivikanwa. Mosesi haana kana kumbotaura nezvarwo, akabuda kubva muhuprisita. “Ishe vedu vakabuda kubva murudzi rwaJudha.” Kwete kubva muna Revhi, nekuti vaive vezvemurairo wepanyama. Asi Ishe vedu vakabuda muna Judha. Kubwinya! Hezvoka izvo. Kwakapikirwa vimbiso!

422 Teereresai zvino, patiri kuvhara. Zvino paKarivhari, Mwari vakaburuka vakatora mutumbi weMwanakomana waVo Vomene, maVainge vagara, uye Vakautsemura nepakati paKarivhari. Kubuda ropa kwaKe, akuvadzwa, achekwa, uye pfumo ndokupindamo ndokuMutsemura nepakati, zvino Ropa raKe ndokubudamo zvakasimba. Zvino Akati, “Baba, mumaoko enyu Ndinoisa Mwewa wangu.” Akakotamisa musoro waKe.

Zvino nyika yakazunguzika, uye nemheni dzikapenya, uye mitinhiro ikatinhira. Mwari vakanga vachinyora sungano yaVo yokusingaperi.

<sup>423</sup> Zvino Vakatora mutumbi waKe wakafa kubva muguva, nezuva rekutanga revhiki, ndokuuunza kumusoro Kudenga, ndokuugarisapo seMuprisita Mukuru, serangaridzo; agere ipapo, akakwana, nokusingaperi. Uye Vakatumira Mweya waVakabvarura kubva mumutumbi iwoyo, uchidzoka zasi chaipo paChechi. Uye Chechi iyoyo inofanira kuva neMweya mumwe chete wakanga uri mumutumbi iwoyo, kana kuti haizonderane naWo murumuko. Zvikamu zviviri izvozvo zvinofanira kuuya pamwe chete zvakakwana. Zvino kana Chechi iyi isina kunyatsokwana, uri chaizvoizvo Mweya mumwe chete wakanga uri muna Kristu, haufe wakapinda muKubvutwa.

<sup>424</sup> Heyo sungano yokusingaperi, hama. Itsvage, iwe pachako, izvo zviru mumoyo mako. Ida Ishe. Iva nechokwadi chekuti wakaponeswa. Usatora mukana pazviri. Uri kubheja. Oo, imi, isu vanhu vemuAmerica, tinoda zvokubheja, asi usabheja pane Izvozvo. Iwe iva nechokwadi chokuti wakarurama. Kwete nekuti wakajoinha chechi, asi nekuti zvechokwadi wakazvarwa patsva, Kristu akauya kwauri, muMunhu weMweya Mutsvene.

<sup>425</sup> Zvino, zvinogoenderanawo, zvakare, pandave kuvhara. Tinofanira kufara zvakadini, kuona Mweya mumwe chete wakanga uri muna Jesu Kristu, uri pakati pedu chaipo, uchiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita paAiva pano panyika! Tinofanira kufara zvakadini!

Ngatinamatei zvino, tichikotamisa misoro yedu.

<sup>426</sup> Ishe, range riri zuva guru. Kunyangwe, ndinonzwa sekunge ndinogara ndichidaro, ndinokundika. Handikwanise kuZvimiririra zvakanaka, Ishe. Ndinonamata kuti Muchandiregerera nzira dzangu dzeupenzi. Oo, ndinoreurura zvivi zvangu pamberi peNyu, uye ndinokumbira tsitsi, ndichiziva kuti pane Muprisita Mukuru amire uko kuruoko rworudyi rwaMwari, muMatenga, Uyo asina kuitwa akafanana naAroni, maererano nemirau nezvemitemo nezvinhu. Asi Akagadzwa Ipapo nokuda kwenyasha dzaMwari dzakatarisa mberi, nyika isati yavambwa, uye ndokundiona pasi pano munyika, ndokufira zvivi zvangu, kuzondidzosa kuHumambo hwaMwari. NdinoKutendai, Baba, nokuda kweizvi.

<sup>427</sup> Nokuti, Mweya uyu wava kutonga zvino muvanhu veNyu ndewa Ziyendanakuenda sezvo Mwari vari vaZiyendanakuenda. “Ndinopa kwavari Hupenyu Husingaperi, Hupenyu nariinhi, Hupenyu husingaperi, uye havazomboparari.” Uye paKutongwa, havazombovapo. Vakatarika pakutongwa. Vakaenda vachipinda muKubwinya. “Uye kana tabhenakeri ino yevhu ikaparadzwa, tine imwe yakatotimirira mhiri kuti tiuye kwairi.” NdinoKutendai nokuda kwaizvozvo, Ishe.

428 Ndinonamata zvino, kana paine mumwe pano, manheru ano, asati ambonwa Ropa chairo resungano, asingazivi zvaRinoreva, asingazivi zvazvinoreva kubarwa patsva, kuva nokuyanana chaiko naKristu mumwoyo mavo, kana mumwoyo make, dai vaMugamuchira iko zvino, tichimirira uye tichipa mukana uyu. Uye paZuva iroro, tinonamata kuti tinge takamiririra Vhangeri muChiedza kwacho. Tinonamata, muZita raKristu.

429 Tichiri takakotamisa misoro yedu, pangava here nemunhu angasimudza maoko ake kuna Kristu, uye oti, “Kristu waMwari, ndinzwireiwo tsitsi. Regai ini, semuranda weNyu asina kukodzera, zvino ndigamuchire Mweya Mutsva mumoyo mangu. Uye ndipei chivimbo pamwe nerudo izvo zvandinonyatsoda chaizvo”? Kana usinaWo, haungasimudza maoko ako kwaVari here, uchiti, “Ishe, ichi chiratidzo chokuti ndinoUshuva”? Haungasimudza ruoko rwako here? Mwari vakuropafadze kumashure uko, mudzimai. Mwari vakuropafadzei pano, changamire. Ropafadzwai pano, changamire. Mwari vave nemi. Zvakanaka. Murume uyu ari kumucheto apa, Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Uye mumwezve munhu, tisati zvino tavhara, takangomirira kwechinguva chishoma. Mwari vakuropafadze kumashure uko, mwanakomana. Mumwe munhu zvakare?

430 “Ini zvino ndinoshuva. Ndinoshuva, Ishe Mwari. Munoziva mwoyo wangu. Munoziva zviru mupfungwa dzangu. Imi, ‘Mweya waMwari mupenyu uye unopinza kupfuura munondo unocheka nemativi maviri, kunyange kubaya uchipatsanura mwongo webvupa, uye Munzveri wemifungo yomwoyo.’” Fungai pamusoro paZvo. Vanoziva mifungo yako chaiyo, vavariro dzako.

431 Ungasimudzawo ruoko rwako here? Iti, “Ndzinzwireiwo tsitsi, Mwari, iko zvino. Ndi—ndinoda kuti Muzive kuti ndinoziva kuti ndakakanganisa, uye ndinozvicherechedza, asi ndinoda kuva ndakarurama.” Zvakanaka, takangotsikitsira misoro yedu pasi, tichinamata zvino, fungai kwechinguvana. Hatidi kukurumidza pane izvozvo.

Dombo reMazera, rakatsemurirwa ini,  
 Ngandivande maMuri;  
 Regai mvura neRopa,  
 Kubva padivi reNyu rinoyerera . . .  
 Zvive zvechivi kavi- . . . (Kupodza kwakapetwa  
 kaviri, Akapika nazvo, zvinhu zviru  
 zvisingashanduki.)  
 Kuponesa kubva kusha uye  
 nokundichenesa.

Apo ndiri kukweva . . .

432 O Ishe, tipeiwo iko zvino kuti tese ticherechedze kuti kufema kwatiri kukweva kuri kupera. Hatizivi kuti tichine kumwe

kwakawanda zvakadzi mberi kwezu. Izvozo zvese zvinoitwa nezano reNyuru guru. Zvakarongwa neMi. Oo, tinzwireiwo tsitsi. Uye kune avo vakasimudza maoko avo, Ishe, hapana chikonzero chekuvadoma. Munoziva mumwe nomumwe wavo. Asi ndinongopa munamato uyu wekuvareverera. Ndinonamata kuti Mubvise kupomerwa mumwoyo yavo, uye vagouya nokushinga, iko zvino, kuChigaro choushe; vafambe vakashinga kusvika paChigaro choushe chaMwari, vatore ropafadzo ravo ravakapihwa naMwari. Mavakonzero kuti vasimudze maoko avo. Havaikwanisa kuzviita pachezvavo. Uye ndinonamata, Mwari, kuti Muite izvi muZita raJesu. Amenii.

. . . pachangu maMuri;

Zvino, chingoMunamatai zvino.

Regai mvura ne. . . (Oo, ini zvangu!)

Kubva parutivi rweNyuru rwakakuvadzwa  
zvikayerera

Zvive kuchivi kupodzwa kwakapetwa kaviri,  
Kuponesa kubva pahasha uye nokundichenesa.

<sup>433</sup> Vangani vari kunyatsonzwa zvakakanaka zvino? Simudza ruoko rwako, uti, “Ishe ngavarumbidzwe!” [Ungano inoti, “Ishe ngavarumbidzwe!”—Mupepeti] Oo, Vanoshamisa! Oo!

*Pane Nzvimbo PaChitubu.* Munorwuziva here, Hanzvadzi Gertie? Tidaro. Vangani vanoda rwiyo irworwo? Zvino tichava neshumiro yerubhabhatidzo, munguva pfupi. (Muchavabhabhatidza here?) Zvakakanaka.

. . . nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,

Pane nzvimbo yako paChitubu;

Nzvimbo, nzvimbo. . .

<sup>434</sup> Zvakakanaka. Vaya vanoda kubhabhatidzwa, varume vachaenda mukamuri *iyi*, vakadzi kune *iyi*, zvakakanaka, avo vari kuzobhabhatidzwa muZita rakaropafadzwa raIshe wedu.

. . . zvakakanaka kwauri,

Pane nzvimbo yako paChitubu;

Mwari vanga vakandinakira kwazvo,

Pane nzvimbo yako paChitubu.

<sup>435</sup> Munhu wese zvino:

Nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,

Pane nzvimbo yako paChitubu;

Oo, nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,

Pane nzvimbo yako paChitubu.

<sup>436</sup> Oo, ndinoda rwiyo irworwo rwekare. Hamudaro here?

Pane nzvimbo yako paChitubu;

Oo, nzvimbo, nzvimbo, pane nzvimbo  
yakawanda,

Pane nzvimbo paChitubu.



437 Zvino, apo mukuru apinda, kuti agadzirire rubhabhatidzo, ndinoda kutsanangurira vateereri. Uye ndichakumbira vamwe vemadhikoni, kana vachigona kundinzwa vari mukamuri, kana vagadzirira, huyai uye—uye mundiudze, uye kuti tigone kubvisa mamaikirofononi. Tinoda kuti imi mose muone izvi. Zvakareba zvingangoita maminiti gumi, zvino chechi ichaparadzani swa.

438 Zvino ndinoda kukuverengerai mamwe eMagwaro anoyera. Ndinoda kuAverenga kubva muBhuku reMabasa. Uye ndinoda kutangira pandima 12 yechitsauko 2 cheMabasa.

439 Zvino, ndinoda kuti mucherechedze muchitsauko 16 chaMutsvene Ruka, kana chaMutsvene Mateo, ndinotenda kuti ndicho, apo Jesu akanga achiburuka kubva mugomo. Ivo... Akati kuvadzidzi vaKe, “Ko vanhu anoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini ani?”

440 “Uye vamwe vavo vakati, handiti, Muri ‘Eria.’ Uye vamwe vanoti Muri—Muri ‘Muporofita.’ Uye vamwe vanoti Ndimi *nhingi* kana *mumwewo*.”

441 Akati, “Asi imi munoti iNi ndiNi ani?”

442 Zvino Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.” Ndizvo here?

443 Jesu akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni mwanakomana waJonasi, nekuti nyama neropa hazvina kuzarura izvi. Hauna kumbodzidza museminari. Hauna kumboZvidzidziswa nemunhu.” Akati, “Asi Baba vaNgu vari Kudenga vazarura izvi kwauri. Zvino Ndinoti ndiwe Petro. Pamusoro pedombo iri Ndichavakira Chechi yaNgu. Masuwo egehena haangaIkunde. Uye Ndinokupa makiyi ekuHumambo hweKudenga.” Ndizvo here? “Uye chose chamunosunungura panyika, Ndichachisunungura Kudenga. Chamunosunga panyika, Ndichachisunga Kudenga.” AiZvirevesa here? Angadai asina kuZvitura. Zvino, nokufamba kwenguva, zvino, Petro akanga aine makiyi ekuHumambo.

444 Zvino, imi vanhu vechiKatorike, mungafunga izvi, zvamunoti, “Chechi yeKatorike yakavakirwa pana Petro.” Zvakanaka, tichazviona. “Vaive nemakiyi. Chechi yeKatorike ichine makiyi.”

445 Ngationei zvakaitwa naPetro nezve makiyi, munoona, ipapo tichazviona. Bhaibheri rakati, kuna Petro nekune vamwe vaapostora, “Endai munyika yose. Ani nani wamunokanganwira zvivi, kwavari vazvikanganwirwa. Ani nani wamunobatira zvivi, kwavari zvatwa.” Kutu, ndizvitaure kuitira kuti... Mumwe anogona kusanzwisisa zvandiri kureva. Jesu akati kuvaapostora, “Ani nani wamunokanganwira zvivi zvake, neniwo Ndichazviregerera. Uye zvivi zvaani nani zvamusingakanganwire, uye mukazvibata, Ndichazvibatawo zvakare kwavari.” Ndizvo zvakataurwa naJesu.

446 Tarisai chechi yeKatorike ichirerekera kune izvozvo.

447 Asi ngatione kuti vakazviita sei. Zvino kana tikaona kuti vakazviita sei, zvino tinofanira kuzviita nenzira imwe cheteyo. Zvino ngationei.

448 IZuva rePentekosti. Chechi iri kugadzwa. Vose vakanga vari muimba yepamusoro. Varume vakabuda imomo, vachitaura nemitauro yakasiyana-siyana. Sei? Mutauro wose uri pasi peDenga wakanga wakamiririrwa ipapo. Chirungu chaivepowo, zvakare. Mutauro wose uri pasi peDenga waifanira kuvapo, mutauro waitaurwa muzuva iroro. Anoenda mberi pano uye opa mizhinji yemitauro yacho, uye kuti vaKirete nevatorwa, nevatendi vanobva kuRome, ne—ne—nemaArabhia, uye vose vanotaura nokuku-. . . Zvino, vakanga vasiri kutaura nendimi dzisingazivikanwi. Vaitaura nemitauro yaizivikanwa, nevanhu. Kwete ndimi dzisingazivikanwi, asi mitauro yainzwiswa nomumwe nomumwe. Mutadzi, asingatendi, aigona kunzwa zvaaitaura. “Ko tinonzwa sei nemutauro wedu uyo wataka—watakazvarwa mauri?”

449 Zvino tarisai. Zvino mubvunzo unouya. Zvino, “Vamwe vakaseka.” Ndimba 12, zvakana.

*Zvino vakakatyamara vose, uye. . . vachikahadzika, vachiti mumwe kune mumwe, Izvi zvinorevei?*

*Vamwe vakaseka uye vachiti, Ava. . . vaguta waini itsva.*

450 Vakanga vari kuvaseka. Nokuti, vaiita sei? Vakanga vachidzedzereka sevarume vakadhakwa, sevarume vakadhakwa. Vachitaura, vasingazivi zvavaitaura, asi vaiparidza kuungano nemitauro yavaisaziva, asi ungoro yaiziva. Maona? Zvakana.

*Vamwe. . . vakati, Vaguta waini itsva, tarirai kuti vari kuita sei.*

*Vamwe vakaseka, vachiti, Ava. . . vakazara ne. . .*

“Asi Petro. . .” Ngwarira, mukomana! Une makiyi.

*Asi Petro, amire nevanegumi nemumwe, akadanidzira neinzwi rake, uye akati kwavari, . . .*

Zvino, rangarirai, uku ndiko kugadzwa kwekutanga kweChechi.

*. . . Imi varume veJudhea, uye. . . imi mugere muJerusarema, chinhu ichi ngachizivikanwe nemi, uye muteererere kumashoko angu:*

*Nekuti ava havana kudhakwa, sezvamunofunga imi, zvatinooona kuti ichiri nguva yetatu yezuva.*

Mabhawa aive asati atombovhurwa ipapo. Maona?

*Asi izvi ndizvo zvakarehwa namuporofita Joere;*

...zvichaitika kuti namazuva okupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya wangu pamusoro penyama yose: pavanakomana venyu ne... vanasikana, uye vachaporofita, namajaya enyu achaona zviratidzo, navatana venyu vacharota hope:

*Napamusoro pavaranda vangu uye...murandakadzi wangu namazuva iwayo ndichadurura zvoMweya wangu;...vachaporofita:*

Uye Ndicharatidza zvishamiso kudenga kumusoro, nezviratidzo panyika pasi;...

Zvino, ndiPetro ari kuparidza zvino, uyo ane makiyi.

...ropa, ...moto, ...mhute yeutsi:

*Zuva richashandurwa kuva rima, ...mwedzi kuva ropa, zuva guru raShe rinobwinya risati rasvika:*

*Zvino zvichaitika kuti ani nani, unodana pazita raShe uchaponiswa.*

*Imi varume veIsraeri, donzwai mashoko aya; Jesu weNazareta, murume wakaratiidzwa naMwari pakati penyu neminana nezvishamiso nechiratidzo, zvaakaita...pakati penyu, ...imi momene... munoziva:*

Taura nezvekutsiurwa? Aiva nemakiyi, munoziva. Iva...

*Iye, wakakumikidzwa nezano rakatemwa uye nekufanoziva kwaMwari, ...*

Hezvoka izvo. Ko aigozodzikinurwa sei? Nokuti Mwari wakafanozvitamera kuti zvive saizvozvo. Maona? Kufanoziva kwaMwari!

<sup>451</sup> [Hama yakabvunza Hama Branham, “Magadzirira?”—Mupepeti] Nenguva pfupi. Vaudzei, imbomirai zvishoma, kusvikira ndapedza neGwaro.

...imi makamutora, nemaoko akaipa, mukaroverera pamuchinjikwa mukamuuraya:

*Iye akamutswa naMwari, amusunungura pakurwadziwa nerufu: nekuti zvakange zvisingabviri...abatwe narwo.*

*Nekuti Dhavhidhi wakataura pamusoro pake achiti, ndakaona Ishe misi yose...kurudyi rwangu, uye handichazungnutswa:*

*Naizvozvo moyo wangu wakafara, nerurimi rwangu wakafadzwa; uyezve...nyama yangu ichazorora mune tariro:*

*Nekuti hamungasiyi mweya wangu muhadhesi, kana kutendera Iye Mutsvene wenyu kuti aone kuora.*

*Mandizivisa . . . nzira dzangu—dzangu, nzira dzangu dzeupenyu; muchandizadzisa nemufaro uye nechiso changu.*

*Varume nehama, regai nditaure kwamuri pachena zvatateguru Dhavhidhi, . . . pana zvose akafa akavigwa, uye bwiro rake riri pakati pedu . . . nhasi.*

*Naizvozvo zvaakanga ari muporofita, uye achiziva kuti Mwari wakapika nemhiko . . .*

Ndichangopedza kuzviparidza.

*. . . kuti maererano—maererano nezvibereko zvemuchiuno chake, aizoita . . . maererano nenyama, aizomutsa Kristu kuti agare pachigaro chake chohushe;*

Zvandichangopedza kuparidza. Petro achiparidza zvimwe chetezvo.

*Uye zvaiona izvi kare (Muporofita akazviona kare.) wakareva pamusoro pekumuka kwaKristu, kuti mweya wake hauna kusiiwa muhadhesi, nenyama yake haina kuona kuora.*

*Uyu Jesu wakamutswa naMwari, wokuti isu tose tiri zvapupu.*

*Naizvozvo wakati asimudzirwa, uye kuruoko rworudyi . . . ari kuruoko rwerudyi, akasimudzirwa kudenga, agamuchira kubva kuna Baba . . . chipikirwa cheMweya Mutsvene, iye . . . akadurura izvi, zvamunoona uye nezvamunonzwa.*

*Nokuti Dhavhidhi haana kukwira kudenga, (muporofita): asi iye amene wakati, ISHE wakati kuna Ishe wangu, Gara kuruoko rwangu rwerudyi,*

*Kusvikira ndaita vavengi vako chitsiko chetsoka.*

*Naizvozvo (teererai kune izvi) imba yose yavaIsraeri ngaizive kwazvo, kuti Mwari vakaita Jesu mumwe chete uyu, uyo imi . . . wamakarovera pamuchinjikwa, zvose Ishe naKristu.*

Zvinofanira kubva zvazvigadzirisa, handizvo here?

*Zvino wakati vachinzwa izvi, vatadzi ivavo, vakabayiwa mumwoyo yavo, zvino wakati kuna Petro . . . Varume . . . uye Petro ne . . . vamwe vose . . . vaapostora, Varume nehama, tichaiteiko?*

<sup>452</sup> Zvakanaka. Hezvoka izvo. Anei? Kiyi, kiyi yekuHumambo. Humambo huripi? Huri mauri. Ndizvo here? Mweya Mutsvene ndiwo Humambo hwaMwari. Tinozviziva. Tinozvarirwa muHumambo, sevagari nevamiririri. Tarisai. Ane makiyi padivi rake. “Uchaita sei nayo?” Aka ndiko kekutanga musuwo pawakambovhurwa.

453 Zvino, mubvunzo unobvunzwa muparidzi, kekutanga, uyo ane kiyi. Ndinotenda dai akati, “Mira nemusoro wako,” zvainge zvakakodzera kuitwa.

454 “Chero chipi chaunosunga panyika, Ndichachisunga Kudenga.” Zvakanaka. “Chero chipi chaunotaura, Ndichataura chinhu chimwe chete. Une kiyi.” Zvakanaka. Anopinza kiyi mumusuwo.

. . . Unoitei? *Varume nehama, tichaiteiko?*

*Zvino vakati vachinzwa izvi, ndokubaiwa pamoyo wavo, uye vakati . . . Varume nehama, . . .*

. . . *Petro akati kwavari, Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu abhabhatidzwe muzita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe chivi, uye imi muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.*

*Nokuti chipikirwa ndechenyu, navana venyu, naavo vari kure, kunyangwe navose vanozodanwa naIshe Mwari wedu.*

Zvakabva zvatozvigadzirisira zvachose. Hapana munhu zvachose, pane chero nguva zvayo, akambokwanisa, kufa akapesana naZvo.

455 Chechi yeKatorike yakauya, pachinzvimbo chekunyudzwa, vanosasa. Pachinzvimbo chekushandisa Zita raJesu, vakatora, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Hazvina kumbodzidziswa muBhaibheri.

456 Munhu wese, kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, akabhabhatidzwa achinyudzwa muZita raJesu Kristu. Uye vamve vakanga vaita zvokunyudzwa naJohane Mubhabhatidzi, uyo akabhabhatidza Jesu, uye Pauro akavaudza kuti vaisakwanisa kugamuchira Mweya Mutsvene saizvozvo. Vakatozodzoka ndokubhabhatidzawazve, zvakare, muZita raJesu, vasati vagona kuwana Mweya Mutsvene. Vangani vanoziva kuti ndiro Gwaro racho? Mabasa, chitsauko 19. Hezvoka izvo. Nokuti, Hushe hweKudenga hwakapfigwa kune imwewo hayo nzira, kubudikidza nemhiko naJesu Kristu, kuti izvozvo zvaizova zviri pamutemo Kudenga.

. . . *Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu abhabhatidzwe muzita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, . . . imi muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene.*

*Nekuti, chipikirwa ndechenyu, nevana venyu, . . . kuna avo vari kure, kunyangwe navose vanozodanwa naIshe Mwari wedu.*

Ameni. Ngatinamatei.

457 Mwari Baba, manheru ano, makore chiuru nemazana mapfumbamwe neanoraudzira apfuura, asi kutendeka

nekururama kwemoyo yevanhu kuchiri kuchemera Mwari, sevana vanochemera mukaka wezamu raamai vavo. TinoKudai, Ishe. Hatigoni kurarama tisina iMi. Sokutaura kwakaita Dhavhidhi, “Mweya wangu une nyota yeNyu, senondo kune hova yemvura.” Anofanira kuva naYo, kana kuti anofa.

<sup>458</sup> Uye, Baba, tapinda nemuMagwaro, tichienda mberi neshure. Kwete kuve takasiyana, asi tinoona maseminari aya, vadzidzi ava vebhaibheri nhasi, vanoparidza maererano nemirairo yevanhu, uye kwete nemirairo yaMwari. Naizvozvo, Ishe, hatizvidzi varume ivavo, asi tinozvidza zvinhu izvozvo zvavanodzidzisa. Naizvozvo, Ishe, tinokumbira kuti vave hama yedu. Tinokumbira kuti Muvaregerere pakukanganisa kwavo. Uye tinonamata kuti vauye kuGwaro, voRiverenga, kwete nenzira iyo imwe seminari inoRidzidzisa, asi maererano nenzira iyo Mwari vakaRinyora.

<sup>459</sup> Tinonamata, Mwari, zvino, kuti nhengo idzi dziri kuuya manheru ano kuzobhabhatidzwa mumvura, apo mufundisi wedu mhare anofamba achipinda papurupiti iyi kubva apa, kuti aparidze Vhangeri, Vhangeri imwe chete iyi, uyezve nekudziva rekubhabhatidzira, kunoviga, zviitei, Ishe, kuti mumwe nomumwe wavo azogamuchira Mweya Mutsvene, nokuti Makapa vimbiso, “Muchagamuchira Mweya Mutsvene.” Dai Mweya waMwari wange wakamirira uri pamusoro pemvura, kugamuchira nhengo yacho manheru ano, nokuti tinovakumikidza mumaoko eNyu, nemuZita raJesu Kristu. Amen.



*VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHINOMWE* <sup>2</sup> SHO57-0922E  
(Hebrews, Chapter Seven <sup>2</sup>)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Gunyana 22, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)